ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№82 (24.208) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Эм къет

Урысейм и Президент Путин Владимир жІащ ди деж япэу къыщыкІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм и дахагъэм итхьэкъуауэ зэрыщытар

Путин Владимир еджакІуэхэм я «Зыгъэпсэхугъэ ин» урысейпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэм хэтахэу Артек щІэзэрыгъэсахэм видеоконференц мардэм тету яІуІащ.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭМ фІэхъус псалъэкІэ защыхуигъаззэм къэралым и унафэщІым къыхигъэщащ мы гъэм а гупышхуэм, зэкъуэтым япэ дыдэу етхуанэ, еханэ, ебланэ классхэм щІэс цыкІухэри зэрахыьыр.

«Нобэ Іэмал имыІэу дытепсэлъыхьынщ фи проектхэмрэ зыІэрыгъэхьа екъулІэныгъэхэмрэ, ауэ, псом япэрауэ, фэри къыбгъэдэкІыу сэлам гуапэ ясхыну сыхуейщ «Зыгъэпсэхугъэ иным» хэтыну мурад зыщІу а къуэпсапІэм лъэІэса еджакІуэ псоми, колледжхэм я студентхэми - ахэр Урысейм щыщ ныбжьыщІэ мелуанитІрэ ныкъуэрэ мэхъу, ди къэралым и щІыпІэ псоми, къалэщхуэхэмрэ къуажэ мыинхэмрэ къикІауэ», - ккъхигъэщащ Путин Владимир.

Къэралым и Президентым щхьэхуэу фІыщІэ яхуищІащ зэпеуэм хэтахэм я адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

Зэпеуэм щыщ Іыхьэу «Урысейр зэгъэщІхуу!» зыфІащам и кІэух Іыхьэм хэта, Налшык къалэм щыщ Кумыщ Сафие жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэу къызэрильытэр. «Мыбы туризмэм зыщегъэужьын хуейщ. Сэ си къалэр тельыджащ икІи ар Урысей псом ильагъун хуейщ!» - къыхигъэщащ пщащэм.

Путин Владимир и гугъу ищІыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкІуам ди республикэм и дахагъэм итхьэкъуауэ зэрыщытам.

«Ямэ дыдэу сыныщыкІуам зыхэсщІауэ щытахэр сщыгъупщэжакъым. Бгым сыдэкІуейри зыслъыхьащ: дыгъэр нуру къепсырт, уафэр къащхьуэт икІи сегупсысащ: нэхъ пасэу сыту сымылъэгъуарэт мыхэр. Мыпхуэдэ дахагъэр иджы слъагъуныр си насыпт къэзэрыркъэкІари сыту фІыт. ИкъуэкІэ щІыпІэ дахэщ. Республикэ дахэщ. Сэ абы мызэ-мытІэу сыщыІащ. Фибгхэм лыжкІэ сыкъежэхащ. Фи къурш тельыджащэхэм», - жиІащ Урысейм и Президентым.

УхуэныгъэІэнатІэм щыІэ лэжьыгъэхэм топсэлъыхь

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ ухуэныгъэмрэ инфраструктурэм епха проектхэмкІэ штабым и зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бырбэч Алим**, КЪБР-м транспортымрэ гъэсу хозяйствэмкІэ и министр **ДыщэкІ Аслъэн**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**.

Зэхуэсым щызэпкърахащ лъэпкъ проектэхэм, къэрал, щІыналъэ программэхэм хьихьэу зыщІадза ухуэныгъэшхуэхэр зэрекІуэкІыр, апхуэдэуи ухуэныгъэм щІадзэным и пэ кьихуэу зэфІагъэкІын хуей къалэнхэм зэжаину трагъэкІуадэр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ Іэмалхэр зэпалъытащ.

Мусуков Алий жиІащ дыззэрыт илъэсым еджапІитІ ухуэн зэрыщІадзэр: ахэр Прохладнэ къалэмрэ Куба къуажэмрэ щащІ. Абыхэм ехьэлІа Іуэху псори зэфІагъэкІыу зэгурыІуэныгъэхэм дызэрыт маэзм и кІэм Іэ традзэну я мурадщ. ЕджапІэхэр илъэситІым кьрибыдзу ящІынущ. Спорт пятиборьем зыщыхуагъэсэну спорт комплексыр ухуэным теухуа зэгурыІуэныгъэр зыхуэфащэ Іуэхущ Іапі эхэм иращыІащ. Лэжьыгъэхэм зэман гъунэгъум щІадзэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм нэхъ пасэу къалэн зэрращІам тету Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ щІыналъэмрэ я сымаджэщ нэхъыщхьэхэм я медицинэ оборудованэхэм къыхащэжауш, унэхэр зэрагъэпльыну хьэкущІэхэри ягъэувауэ абыхэм я лэжьакІэр къапщытэ. Сабий садхэр щаухуэ Солдатскэ станицэм, Бэтэх, Бахъсэн Ипщэ къуажэхэм. Ауушджэр къуажэм амбулаторэм и ухуэныгъэр щрагъэжьащ. Псы къыщІэшыпІэхэр щащІ Солдатскэ, Пролетарскэ станицэхэм. Апхуэдэуи яужь итщ Бахъсэн бжьамий гупым и проектыр зэхэлъхьэнымрэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и жылэхэм къагъэсэбэпа псыр къызэрыІуаш Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм.

Гъуэгуэр елэжьыным и Іуэху зыІутым и гугъу щащІым Мусуков Алий жиІащ абыхэм ехьэлІа зэгурыІуэныгъэхэр зэрызэращІыпІар, объектхэм лэжьыгъэшхуэ зэращІекІуэкІыр. Налшык къалэм гъуэгуэр щыщІыным иджыри сом мелуан щитІ хуэдиз къыхуІагъуащ, дызэрыт илъэсым зэрагъэпэщыжын хуей уэрамхэм я гъуэгуэхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр иращыІыпІэн папщІэ. КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм хэтхэм ягу кьигъэкІыжащ гъуэгуэр зэгъэзэнэхуным, льэс зекІуапІэхэр зэІуэзэпщІ щыным хуэфащэ гулыІэтэ хуащІын зэрыхуейр.

Апхуэдэуи зэІущІэм щытепсэлъыхьащ бжьыгъэ зи лъабжьэ лэжьэкІэщІэм хуэкІуэным ехьэлІа Іуэхухэм, социальнэ Іэнатім ахэр щэщІауэ къыщыгъэсэбэныным. Щхьэхуэу хэпльащ ухуэныгъэ ирагъэкІуэкІыну хуит зыщІ дэфтэрхэр къыдахыным трагъэкІуадэ зэманыр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. КЪБР-м Ухуэныгъэмкіэ и министерствэр муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм ящІыгъуу хэпльэнущ инвестицэ проектхэм я дэфтэрхэр гъэхьэзыным щІэгъэпсынщІэныкІэ хэкІыпІэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Эмрэ.

Къэралым и унафэщІым фІыщІэ хуещІ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысейм и Президент Путин Владимир фІыщІэ хуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым псалъэ гуапэхэр къыззрыхужиІам папщІэ икІи «Зыгъэпсэхугъуэ ин» зэпеуэм хэта Кумыщ Сафие ехъуэхъуащ абы и кІэух Іыхьэм зэрыиэсамкІэ.

«Ди къэралым и Президент Путин Владимир Владимир и къуэр видеоконференц мардэм тету епсэлъащ 5 - 7-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэм - еджакІуэхэм я «Зыгъэпсэхугъуэ ин» урысейпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэм хэтыну Артек щызэхуэсахэм.

Зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэм хэтыну зи насыпт къирихьэкІаахэм, апхуэдэ зэфІэкІ къэзыгъэльэгъуахэм яцІыщІ Налшык къалэм дэс, зи ныбжьыр илъэс 12 хъу Кумыщ Сафие. Хъыджэбз цыкІуми, абы и адэ-анэхэми, и егъэджакІуэхэми сохъуэхъу я ехьулІэныгъэм папщІэ икІи зэпеуэм щытекІуэну си гуапэщ. ФІыщІэ хузощІ Іуэхум егугъу зэрыбгъэдэтым, къыщалъхуа и щІыналъэр фІыуэ зэрильагъум щхьэкІэ.

Ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэ хузощІ псалъэ гуапэ къыззрытхужиІам папщІэ», - итщ республикэм и Іэтащхьэм Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 7-м иригъэкІащ «муниципальнэ сыхьэт» зэІущІэр.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, абы и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуІэед**, КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм щыпсэухэм вакцинэр яхэлъхьэным теухуа Іуэхур зэрекІуэкІым, лъэпкъ проектхэр, къэрал, щІыналъэ программэхэр гъэзэщІа зэрыхъум, социальнэ политикэм хьихь нэгъуэщІ зи чэзу Іуэхухэм.

«Эпидемиологие щытыкІэр нэхъыфІкІым эзкІэ, сымаджэхэм я бжыгъэм къыхохьуэ, реанимацэхэм щІэлъхэм я бжыгъэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Абы къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыху 200 зыщІэхуэну ещанэ госпиталыр къыщызэІуахыну унафэ хэтщтащ», – къыхигъэщхьэхуэкІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм. КІуэкІуэм апхуэдэу ягу къигъэкІыжащ щІыху 50 нэхъри нэхъыбэ зыхэт дауэдапщэхэр ирагъэкІуэкІ зэрымыхъунур.

КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам жиІащ республикэм исхэм ящыщу вакцинэр зыхалъхьахэм я бжыгъэр мин 80-м зэрыщІигъуар, маститІри зыхалъхьэхэр мин 43-м фІэкІащ. 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым COVID-19 узыфэр щІыху 29229-м кьайуэлІауэ ятхащ, иужьрей жэщ-махуэм ар къапкрыхьащ щІыху 51-м. Мы зэманым госпиталхэм щызэІуахыну унафэ къэтщтащ», – къыхигъэщхьэхуэкІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм. КІуэкІуэм апхуэдэу ягу къигъэкІыжащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэуэт сымаджэ 461-м, абыхэм ящыщу 60-р реанимацэхэм щІэпІащ. ГоспиталитІым псори зэхэту гъэзэлъэпІэ 580-рэ щІэтщ.

Лъэпкъ проектхэр, къэрал, щІыналъэ проектхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщІа зэрыхъу щІыкІэр щызэпкърахым жаІащ абыхэм къыщыгъэльэгъуахэм я процент 44-м мы зэманым ирихьэлІэу зэрызэфІагъэкІар, псори зэхэту зэгурыІуэныгъэ 350-рэ зэращІыпІащ. Проект лэжьыгъэ псоми ятеухуа зэгурыІуэныгъэхэр нэсу щызэращІыпІащ Прохладнэ, Бахъсэн къалэ округхэм, Лэскэн, Іуащхьэмахуэ, Аруан, Шэджэм, Бахъсэн, Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэхэм.

● КЪБР-м и Парламентым

ІэщІагъэ щрагъэзгъуэт еджапІэхэм ятеухуауэ

КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэщагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэр зэрырагъэфІэкІуэнум. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэмалыр фІу къагъэлъэгъуащ «ЕгъэджэныгъэмрэІэпхъ Іуэхум хьихь «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» федеральнэ проектыр.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэкІэ **Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ**, комитетым и унафэщі **Емуз Нинэ**, депутатхэр, КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Езаур Анзор**, республикэм и еджапІэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ. Ахэр республикэм и колледж зыбжанэм (Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъэзэ колледжым), «Строитель» еджапІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым) щыІащ, еджапІэхэм щыІэ лъэщапІэхэм щагъэзэкІуэкІ лэжьыгъэм зыщагъэзэжащ.

- ІэщІагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэм иужьрей зэманым зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ кьыщыхьуащ, я зыужьыныгъэм, псом хуэмыдэу республикэм хуримыкъу ІэщІагъэлІхэр гъэхъэзырыным, сэбэп хуэхъуу. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ колледжхэр зэрырагъэфІэкІуами «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр», «Абилимпикс» зэхьэзэхуэхэм хуэдэхэм зэрызрагъэуб-гъуами. Ауэ, сыт хуэдэ зыужьныгъэ дымыгъэутами, гугъуехьэр иджыри щы-Іэщ, абыхэм я хэкІыпІэхэр кьэдгъуэ- тын хуейуэ. Мыпхуэдэ зэІущІэхэм я фІагъэкІуу къэспытэр щы-щІэныгъэхэр ди нэкІэ зэдгъэльагъуну Іэмал дыззрИэрщ, - жиІащ Егоровэм.

ЛъэщапІэхэм зыщапльхьу, студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ епсэльа нэужь, депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым зэІущІэ щрагъэкІуэкІащ. Къардэн Мурат колледжхэм я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ, зэрырагъаджэ Іэмалхэм зэрахузэфІэкІкІэ хагъэхъуэну зэрыхущІэкъум папщІэ. Апхуэдэуи дыщІигъуащ къыщІагъэкІ ІэщІагъэлІхэр республикэм имыкІыу лэжьыгъэм зэрырагъэхьэхыну щыкІэм зэрегулысыпхъэр.

Емуз Нинэ гугъуехь зыбжанэ къигъэльэгъуащ, колледжхэм я зыужьыкІэм, егъэджакІуэхэм я Іэзагъэм, щІыналъэм щрагъэкІуэкІ «WorldSkills Russia» зэхьэхьэм и экспертхэр зэрагъэхьэзырым епхауэ.

КЪБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ Мэкиринэ Оксанэ жиІащ я Іуэхущ Іапі эм епха колледжи 9-м студент мини 9-м щигъу зэрыщІэсыр, абыхэм егъэджакІуэрэ ІэщІагъэм хэзыгъэгъэуаззу цыІху 400-м щигъу я зэрадэлажьэр. 2020 гъэм абыхэм къыщІагъэкІащ цыІху 2172-рэ, щІагъэтІысхьар 3256-рэ мэхъу.

Къэпсэльам зэрыжиІамкІэ, ІэщІагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэм я зыужьныгъэм щыхьэт тохъуэ ІэщІагъэ щрагъэкІуэкІащ. Къардэн Мурат колледжхэм я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ, зэрырагъаджэ ныжь. Апхуэдэуи нэгъабэ министерствэм и нэІэм щІэт еджапІэхэм папщІэ бюджет ІэнатІэу 70 къыззІуахащ.

2019 гъэм республикэм и колледжищым ахъшэ саугъэт къратащ, псоми зэхэту сом мелуан 68-м щигъу. Абы и фІыгъэкІэ зыхуей хуагъэзэфынущ гъэсу, ухуакІуэ машинэхэм дэсхэмрэ автомобилхэр зыщІыжьэмрэ къызэщІагъэкІ еджапІэхэр.

2020 гъэм и дыгъэгъазэм Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым лъэщапІэу 4 къыщІэзІуахащ. 2021 гъэм я мурадщ апхуэдэу иджыри 8 къызэрагъэпэщыну. ЛъэщапІэхэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэрагъэпэщыр сэбэп мэхъу экзаменыр къыщыІахкІэ студентхэм я Іэкіэ ящІыфыр ягъэльэгъуэныжьмкІэ.

Зэ1ущІэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и унафэщІ **Абазэ Барэсбий**, «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» щыналъэ зэщІэхъеенигъэм и унафэщІым и ІуэтэжьІ **КІуэкІуэ Мурат**, «WorldSkills Russia» Іуэхум и къэпщытакІуэ **Кузьменкэ Людмилэ**, Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІ **ГъукІэлІ Хьэсэн**, Іуащхьэмахуэ щыналъэ колледжым и унафэщІ **Отаров Мухьтар**.

Дэтхэнэми и Іуэху епльыкІэхэр къагъэлъэгъуа нэужь, Емуз Нинэ зэІущІэм хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи зи гугъу ящІа гугъуехьэхэр икІэщІыпІэкІэ зэрагъэкІуэдыну Іэмалхэр ягъэбелджылын зэрыхуейр жиІащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эмрэ.

Ди къалащхьэм и теплъэр нэхъри зыгъэдэхэну хьэщІэщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 8-м зыщілпльхьащ 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинатыр щылажьэу щыта унэм. Мы зэманым ар зэрагъэпэщых, иджырей хьэщІэщ абы къыщызэІуахыну я мурад. Республикэм и УнафэщІыр яІущІащ инвестицэ компаниемрэ и лыкІуэхэм, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз икІи инвестицэ проектыр гъэзэщІа зэрыхъум тепсэлъыхьащ.

МЕТР зэбгъуэзнатІэ минипщІым нэблагъэ комплексым хэтынущ пэш 58-рэ хъу хьэщІэщ, компание зэмылІужьыгъуэхэр щызэдэлажьэн папщІэ зыхуеинухэмкІэ къызэгъэпэща щІыпІэ, Іуэху щызэддащІэ центр, шхапІэхэр. Унэм ихьуреягъкІэ ит жыгхэр папупщІынукъым. Инвестицэу Іуэхум халъхьэнур сом мелуан 400 хъунущ. Унэм лажьыгъэхэр щрагъэжьакІэщ, ар 2023 гъэм хьэзыр ящІыну я мурадщ.

«Сигу ирохь инвесторым хьэщІэщыр зэрыщытын хуейм теухуа и Іуэху бгъэдыхьэкІэр, ди къалащхьэмрэ абы щыпсэуэкІэ я дежкІэ хьэщхьэпэну лажьыгъэ иригъэкІуэкІыну яужь зэритыр. Проектым социальнэ унэтІыныгъэ иІащ. Мыхьэнэшхуэ идот унэм и теплъэр зэрыфІамыгъэкІуэдыным. КъагъэщІэрэщІэжа нэужь ар дахэу зэувэнущ проспектым и архитектурэм, европэ къэралхэм я щапхъэхэми екІуу, абы къыдэкІуэу ди лъэпкъхэм я щхьэхуэныгъэхэри къыхэщу. Лъэпкъ тхыпхъэщІыпхъэхэм яГъэдэхэнущ унэм и корпусхэм ящыщ зым и щІыбыр, пэш Іэхуитлъэхуитхэм ди сурэтыщІэм я Іэдакъэщ Іэкіэр щагъэлъэгъуэну Іэмал яІэнуц», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек, псоми щыгъуаззэ зищІа нэужь.

«Мы инвестицэ проектыр гъэзэщІэныр хъарзынэу хэувэнущ Налшык зыгъэпсэхупІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьыным хуэгъэзэуэ зэфІагъэкІкэм, республикэм зыплъыхьакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъури къыщыльытащ абы. Туризмэмрэ хьэщІэгъэблагъэкІэ, Іэхуитхьбзэ щІэн унэтІыныгъэхэм зезыгъэужьыфыну, лажьапІэ Іэнатіэщ Іэкэр къызэІухыным сэбэп хуэхъуну, республикэм и теплъэр езыгъэфІэкІуэфыну инвесторхэр зыщдэхьэным хуэгъэпса щытыкІэкэр мы зэманым къыщыщІэдзащ къызэгъэпэщын хуейщ. ХьэщІэщ комплексыр Налшык къалэ и ухуэныгъэ нэхъ дахэхэм, республикэм къыхуеблагъэхэм хьэщІагъэ щрах щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщ хъунущ», - къыхигъэщхьэхуІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Ухуэныгъэ ІэнатІэм щыІэ лэжьыгъэхэм топсэлъыхь

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ ухуэныгъэмрэ инфраструктурэм епха проектхэмкІэ штабым и зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бырбэч Алим**, КЪБР-м транспортымрэ гъэсу хозяйствэмкІэ и министр **ДыщэкІ Аслъэн**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**.

Зэхуэсым щызэпкърахащ лъэпкъ проектэхэм, къэрал, щІыналъэ программэхэм хьихьэу зыщІадза ухуэныгъэшхуэхэр зэрекІуэкІыр, апхуэдэуи ухуэныгъэм щІадзэным и пэ кьихуэу зэфІагъэкІын хуей къалэнхэм зэжаину трагъэкІуадэр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ Іэмалхэр зэпалъытащ.

Мусуков Алий жиІащ дыззэрыт илъэсым еджапІитІ ухуэн зэрыщІадзэр: ахэр Прохладнэ къалэмрэ Куба къуажэмрэ щащІ. Абыхэм ехьэлІа Іуэху псори зэфІагъэкІыу зэгурыІуэныгъэхэм дызэрыт маэзм и кІэм Іэ традзэну я мурадщ. ЕджапІэхэр илъэситІым кьрибыдзу ящІынущ. Спорт пятиборьем зыщыхуагъэсэну спорт комплексыр ухуэным теухуа зэгурыІуэныгъэр зыхуэфащэ Іуэхущ Іапі эхэм иращыІащ. Лэжьыгъэхэм зэман гъунэгъум щІадзэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм нэхъ пасэу къалэн зэрращІам тету Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ щІыналъэмрэ я сымаджэщ нэхъыщхьэхэм я медицинэ оборудованэхэм къыхащэжауш, унэхэр зэрагъэпльыну хьэкущІэхэри ягъэувауэ абыхэм я лэжьакІэр къапщытэ. Сабий садхэр щаухуэ Солдатскэ станицэм, Бэтэх, Бахъсэн Ипщэ къуажэхэм. Ауушджэр къуажэм амбулаторэм и ухуэныгъэр щрагъэжьащ. Псы къыщІэшыпІэхэр щащІ Солдатскэ, Пролетарскэ станицэхэм. Апхуэдэуи яужь итщ Бахъсэн бжьамий гупым и проектыр зэхэлъхьэнымрэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и жылэхэм къагъэсэбэпа псыр къызэрыІуаш Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм.

Гъуэгуэр елэжьыным и Іуэху зыІутым и гугъу щащІым Мусуков Алий жиІащ абыхэм ехьэлІа зэгурыІуэныгъэхэр зэрызэращІыпІар, объектхэм лэжьыгъэшхуэ зэращекІуэкІыр. Налшык къалэм гъуэгуэр щыщІыным иджыри сом мелуан щитІ хуэдиз къыхуІагъуащ, дызэрыт илъэсым зэрагъэпэщыжын хуей уэрамхэм я гъуэгуэхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр иращыІыпІэн папщІэ. КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм хэтхэм ягу кьигъэкІыжащ гъуэгуэр зэгъэзэнэхуным, льэс зекІуапІэхэр зэІуэзэпщІ щыным хуэфащэ гулыІэтэ хуащІын зэрыхуейр.

Апхуэдэуи зэІущІэм щытепсэлъыхьащ бжьыгъэ зи лъабжьэ лэжьэкІэщІэм хуэкІуэным ехьэлІа Іуэхухэм, социальнэ Іэнатім ахэр щэщІауэ къыщыгъэсэбэныным. Щхьэхуэу хэпльащ ухуэныгъэ ирагъэкІуэкІыну хуит зыщІ дэфтэрхэр къыдахыным трагъэкІуадэ зэманыр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. КЪБР-м Ухуэныгъэмкіэ и министерствэр муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм ящІыгъуу хэпльэнущ инвестицэ проектхэм я дэфтэрхэр гъэхьэзыным щІэгъэпсынщІэныкІэ хэкІыпІэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эмрэ.



● Щэнхабзэ

Хужь-фIыцIэ-яжьафэ

Америкэм къыщалъхуащ икIи щыпсэуащ. Адыгэщ! Хамэ щыпIэм къыщыхъуа щIалэщIэм зэрыадыгэр щхьэ къыфIэIуэхун хуей?! Ар лъым и къарущ. Аращ дунейм хэгуэша адыгэр дызэпызыщIэжри.

«Щ ЫIЭНЫГЪЭ-ЯдыщыIэны-гъэ!» Мыпхуэдэу фIищащ Бэрзэдж Чыгъэду (Зак Хакаду) Налшык и Лъэпкъ музейм щекIуэкI и гъэлъэгъуэнигъэм.

Пэшым дыщIобакъуэри... гуаущ-хьэуэ гуэрым дыхьихьэ хуэдэщ. Сурэтхэр фIыщIэ-яжьафэщ-гъуабжэщ... чэтхащ, ныкъуэсщ, улыпящ. Ауэ, щхьэ деплъэр, ди нэр кьытхутемыхыу, щхьэ кьыдгурыIуэрэ, щхьэ ди псэм зыхуишийрэ?! Тхыдэм дыхохьэри, пасэрейм дыIуощIэ. Лэжьыгъэхэм къыщыгъэсэбэпащ щIы, фэ, пхъэ, щэкI, гъущI, жэз... - псори тIорысэщ, гъадэщIыдэм къыхэкIа хуэдэщ. ЩIыр и Хэку кьиГъаэзэри иришащ - нэгъуэщI кIэрызэгъэнтэкьым!

«Тхъэм и лыкIуэ» фIищащ лэжьыгъэхэм ящыщ зым. Адыгэ кьамэ тегъэбыдащ, и щхьэмкIэ «Хэку» тетхащ. Гъуэлъэрэ тэджу, и ныбэ из ищIу дунейм тетын хуейкьым адыгэр. ЩIыIэну, зихьумэжыну, псэуну кьиГъэщIащ. Хэкуи кьиратащ, бэзи кьыIурилъхьащ. «ЯдыщыIэныгъэ» лэжьыгъэм щыдолагъу адыгэм и щыфэлIыфэ - дуней псом къыщацIыху, яфIэдахэ фащэр. ТеплъэкIэ дадыщыIэщ. Фащэр лэжьащ, пытхьахуэщ. ЩIым хэлъщ, итIани и теплъэр зэрыекIуащ - хьэзырыбГъэр кьыдэгъэзеящ. Гур егъэхуабэ «Анэм и пшыналъэ» лэжьыгъэм. Мыбдеж «фIыцIэ-хужь-яжьафэ» плъыфэм нэмыщI, тхьэмбылыфэр кьщыгъэсэбэпащ. Анэ - шыкIэпшынэ - макъамэ. Мыра хьунщ щIалэр Хэкум къэзышэжар!

Адыгэ лъэпкъ дамыГъэкIэр гъэлъэгъуэнигъэм куэду кьыхощ - дамыГъэкIэ кьеГъэбыдэкIа хуэдэщ. IэдакъэщIэкI къэс хьыбар щхьэхуэ я Iыгъуэ кьыпщоху. Пасэрейм нэхьри гъунэгъу ухуащI хьэпшып щхьэхуэхэм: афэ джанэм, кьамэм, шыкIэпшынэм, сурэт пытхьахуэм, гъущI Iунэ улыпияхэм...

Зэ IуплъэгъуэкIэ мо фIыщIэ, яжьафэ теплъэхэм яхэмызагъэу нэм кьыщIэуат зы лэжьыгъэ - «ИкIэмикIэжьым». И щIагъкIэ бжэгъу Iэплiкiуэщ. Бжэгъу хъуащ, пкъы яIэщ, ауэ щIым хэтыжкъым. Сурэтым и щхьэмкIэ щхъуэкIэплъыкIэ заущIэщ, уигу кьиуIэн хуэдизу. Ауэ... а щхъуэкIэплъыкIэм упхоплъри, яжьафэ фIыцIэ-хужьхэр кьыпхопсыж - жыггэхэр кьокI. ДыщыIэщ, добаущ, щIым дыхэтщ.

Лэжьыгъэхэм уаIуопIуэ щIыхуIэ емыIусарэ, зэманымрэ щIыуэпсымрэ я Iэужь хуэдэу. Ауэ, апхуэдэу уаIуплъэн щхьэкIэ, дапхуэдизу гуащIэрэ гупсысэрэ екьэлIэн хуейт абы!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» аргуэру и тренер нэхъыщхьэщ Биджиев Хьэсэнбий

Мыгувэу щIэзэдзэну Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэмрэ къэралым и кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэмрэ «Спартак-Налшыкыр» хьэхэнущ Биджиев Хьэсэнбий и тренер нэхъыщхьэу. Апхуэдэ хьыбар вэсэмахуэ къытIэрэхьащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, Биджиевым пIалъэкIэ къалэн щащIащ «Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и унафэщI къулыкъури. Нэхьапэм ар зи пщэрылъу щыта Мэшыкьуэ Асльан дяпэкIэ и пашэу щытынущ зэфIэкI зиIэ топджэгу ныбжьыщIэхэр ди командэм къыхуэзылъыхъэну гупым.

Биджиев Хьэсэнбий илъэс 55-рэ илэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщащIахуащ. Налшык и «Спартак»-м и гъуащхьэтету 1983 гъэм джэгун иригъэжьащ икIи зэIущIэ 52-м абы и гъуэр щихъумащ. ИлъэситI дэкIри, дзэм къулыкъу щищIэну здраджа Дон Іус Ростов и СКА-м хагъэхьащ. ИужькIэ ЦСКА-м хэту Совет Союзым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм джэгугъуэ 15 иригъэкIуэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэу Мэзкуу и «Локомотив»-м 1989 гъэм иригъэблагъащ. Абы хэту зэIущIэ 50-м зыкъыщигъэльэгъуащ. ССР-м и кубокым и финалым 1990 гъэм щыджэгуащ. Урысей Федерацэм и чемпионатым и дыжьын (1995, 1998), домбеякъ (1994) медалхэр къихьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуа щIалэхэм ящыщу (и анэр адыгэщ, и адэр къэрэшейщ) япэу хамэ къэрал футбол командэм джэгун щригъэжьащ. Петах-Тихвирэ Телль-Авивр (Израиль) я «Хапоэль» командэхэм я гъуэр ихьуманщ. Европэм и кубокхэр къэхьыным екьэлIа зэпеуэхэм хэту зэIущIи 9 иригъэкIуэкIащ.

ИужькIэ гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыуващ. Мэзкуу и «Локомотив»-м, Пермь и «Амкар»-м, нэгъуэщI командхэмки къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ. 2002, 2004 гъэхэм «Локомотив»-р къэралым и чемпион зэрыхъуам къыхэкIыу, абы и унафэщIхэм яхэту дыщэ медалхэр къыхуагъэфэщащ.

ИтIанэ, 2014 гъэм, «Спартак-Налшыкым» къыгъэзэжри, абы и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ. Илъэсищ дэкIри Курск и «Авангард»-м иригъэблагъащ икIи, зи зымыхъуауэ, а командэр япэ дивизионым щыджэгу пэтми, Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокым и финалым нигъэсащ.

Мы гъэм и пэщIэдзэм Волгоград и «Ротор»-м и тренер нэхъыщхьэу яГъэуващ Биджиев Хьэсэнбий. АрщхьэкIэ, иужь увыпIэхэм ящыщ зыр ивыбыду премьер-лигэм къыщыхагъэкIыжьым, езыри хуит къэхъащ.

Биджиевым и унафэм щIэту «Спартак-Налшыкым» мы гъэм къыпэщылъ зэIущIэхэм иджыпсту зыхуегъэхьэзыр. Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкI зэпеуэм и 1/256-нэ Iыхьэм инхъ иткIэ бадзэуэгъуэм и 18-м ар ІущIэнущ «Мэхъэчкъал» командэм. Абы иужькIэ етIуанэ дивизионым и Япэ гупми зэхьэзэхуэм щыщIидзэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Гузеев Исхьэкъ Исмэхьил и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэ IэнатIэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м дунейм ехыжащ журналист икIи жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Журналистхэм я союзым 1963 гъэ лъандэрэ хэт, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Гузеев Исхьэкъ Исмэхьил и къуэр.

Гузеевыр КъБАССР-м и Совет районым хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм 1939 гъэм кьыщалъхуащ. Курыт школ нэхьыщхьэ ар КъБКъУ-м щIэтIысхьащ икIи 1963 гъэм ехъулIэныгъэкIэ кьиухащ. АдэкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ КПСС-м и ЦК-м къепхэуэ лажьэ, Жылагъуэ щIэныгъэмкIэ академием (1976 гъэ).

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэгъэгъуэта Iэщагъэлыр лэжьыгъэ IэнатIэм 1963 гъэм щыпэрыуващ Джорлэджжэ кьуажэм дэт курыт школым. 1965 гъэм ар яГъэуващ Ташлы-Тала жылэм дэт курыт школым и унафэщIу.

КПСС-м и ЦК-м къепхэуэ лажьэ, Жылагъуэ щIэныгъэмкIэ академиер кьиухэ нэужь, Гузеев Исхьэкъ чэнджэщэгъуэ ирагъэблэгъащ Налшык дэт, Политикэ егъэджэныгъэмкIэ республикэ Іэхъущ Іанім. «Блокнот агитатора» журналым жэуап зыхь и секретару, КПСС-м и обкомым и инструктору, КъБАССР-м и Къэралтелерадиом и унафэщIым и къуэдзэу лажьащ.

1983 - 1991 гъэхэм Гузеевыр щытащ «Коммунизмгэ жол» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэу. Газетым и фIыщIагъэр 1991 гъэм и мэлыхьыхьым «Заман»-кIэ яхъуэжа нэужьи ар а къулыкъум пэрытащ 1998 гъэ пщIондэ. ИужькIэ Гузеев Исхьэкъ лэжьащ КъБР-м печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министрым и къуэдзэу.

Жэуаплыныгъэ зыпылъ IэнатIэ куэдым пэрытами, дапщэщи жыдэжру хэтащ ди республикэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм. ПщIэ хуащIу, цIыхубэм я дзыхь къраГъэзу, ар хахауэ щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату.

Апхуэдизу псэ хьэпэл лэжьыгъэм къэрал гупльитэ льагэ кьыпэкIуащ. Абы кьыфIащащ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льагэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьыбГъэдэкI ЩIыхь тхылъыр, нэгъуэщI дамыГъэ льапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр кьратащ.

Гузеев Исхьэкъ Исмэхьил и къуэм и фэеплъ нэхур куэдрэ ягу илъынущ къыдэлажьэхэм, и благъэ-Іыхьлыхэм, зыцIыхуу щытахэм.

***КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» БТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэм я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхъуащ* **Гузеев Исхьэкъ Исмэхьил и къуэр** *дунейм зэрехьжар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.*

ПсэщIэ къызэрыхьхьэж Iэмалщ

● Щыуэпс

Лэжьыгъэм, еджэныгъэм, унаГъуэр зыхуей хуэгъэзэным зыкъыдигъахуэу, цIыхур щыпIэ хэха гуэрым, зыщигъэпсэхун, и узынщагъэр щыпэтригъэувэжьын папщIэ, зэрыкIуэм «рекреацэ туризм»-кIэ йоджэ.

АФIэщыгъэм къызэщIеубыда, зыгъэпсэхуакIуэ ежьам езым фIэфIу кьыхих щыпIэ пхыдзахэри, цIыху куэд зэкIуалIэ зытегъэупIэ «зыкъызыхэри», узынщагъэр зэрыгъэзэфIакIуэ спорт лIэужьыгъуэхэри, лъэсу къэкIухьынри, зи къэбзагъэмрэ дахагъэмкIэ узыIэпызышэ щIыпIэхэм зыщщIплъыхьынри, хы Іуфэ-псы Іуфэхэм Іусынри, нэгъуэщIхэри.

Гу лъытапхъэщ, мы кьедбжэкIахэм ящыщу лъэсырыпсэкIуэнкI нэхъ зэгъэхъуIэгъуафIэу зэрыщытым и мызакъуэу, узынщагъэр зэрыгъэзэфIакIуэ Iэмал нэхъыфIу куэдым кьыпэральытэр. АбыкIэ щыхьэту кьоуэ медицинэм щылажьэхэри. Лъэсу къэкIухьыным, пщIэ гуэр зэрыщамытым и мызакъуэу, цIыхум и Іэпкълъэпкъыр зэрегъэубыда, «зэрына» и пкъырыпкъынэхэр зэрегъакIуэ.

Дэтхэнэри «ди пIэ дизымыгъэзагъэ» кьару нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, щIэ гуэр зэгъэщIэным сытым дежи дызэрыхуэпабгъэмрэ пткърымыкIыу кьыздекIуэкI «дызэдэкIуэм кьыщытпэплъэр сыт?» жыхуиIэ гупсысэмэр. Щэхуми-нахуэми, апхуэдэ нэщэнэрэ хьэл-щэнрэ зыхэлъ цIыхухэм дэнэ щIыпIи ущрохьэлIэ икIи арагъэнущ дунейм тет къэрал псоми туризмэм пщIэ лей щIыхуащIыр.

ЩIыналъэ нэгуэгъэужьыпIащ, абы и мэхъэмрэ и псыхъэхэмрэ зэрыщытаурэ къызэтрагъэнамэ, цIыхум сэбэп хуэхъу къэкIыгъэхэм ящырихьэлIэмэ, тхыдэ-щэнхабзэ фэеплъэхри и куэдмэ. Дахагъэр зи тепщэ цIыпIэхэм дытрагъэу къудейкъым, атIэ ди зэхэщIыкIми хагъахъэу, ди къэхьыми зрагъэубгъу. Апхуэдизщ, псалъэм папщIэ, археологие щIэныгъэм пыщIа щIытI лэжьыгъэхэм якIэлIыплъыныр, къуалэбзухэм, псэущхьэхэм я псэукIэмрэ псышхэу, хыжьей лъабжьэхэм къыщыхьу-къыщыщIэхэмрэ щыгъуазэ захуэщIыныр, нэгъуэщIхэри.

«Рекреацэ» псалъэм къызэщIригъэубгъэхэм иджыри хальитэ бгы дэкIуеикIэм, кьехьжьикIэм, щэкIуэкIэм, бдзэжьей ещэкIэм, шы тесыкIэм, кхъуафэ лъэрыт цIыкIухэмкIэ хьсыдж «шэсыкIэм», нэгъуэщIхэми зэрыхуагъасэ Iэмалхэри.

Дауи, мы къедбжэкIахэм захуэгъэхьэзырыпмрэ абыхэм хуэщIа Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщынымрэ гугъуехь нэхъыбэ пыщIащ. Ауэ, абы щыхьэкIэ къэмынэу, зи гугъу тщIы спорт лIэужьыгъуэхэм дихьэххэм я бжыгъэм зэпымыууэ хохъуэ.

Ди тхыгъэ кIэщIыр зытеухуар къриязщIэткъуэжу зы псалъэкIэ жытIэнщи, цIыиуэпсым пыщIауэ цIыхум и ешымрэ и езэшымрэ щхьэщызыгъэу, зезыгъэзэпсэху, къаруущIэхэр къыхэзылъхьэж дэтхэнэ зы Iэмалри «рекреацэщ».

ХЬЭТЫКЪУЭ Щаущ.



Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 10, *щэбэт*

♦ **Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**. 1709 гъэм Пётр Езанэм и унафэм щIэт урысеидзэм шведхэм я армэр Полтавэ деж щIэзэхикъутащ.

♦ **Монголием и Къэрал ныпым и махуэщ**

♦ **1878 гъэм** Инджылызым щекIуэкI футбол зэIущIэм арбитрым япэ дыдэу кIэфий кьыщигъэсэбэпащ, топ кьраХуэкIыу губГъуэм итхэр хабзэм щебакъуэкIэ джэгур кьызэтригъэувыIэу.

♦ **1918 гъэм** Советхэм я У Урысейпсо съездым РСФСР-м и Конституцэр - япэ Совет Конституцэр - кьищтащ.

♦ **1925 гъэм** ЦИК-м и Президиумымрэ СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советымрэ я унафэкIэ кьызэрагъэпэщащ Совет Союзым и Телеграф агентствэр - ТАСС жыхуиIэр.

♦ **1925 гъэм** США-м хьихьэ Дейтон къалэм (Теннесси штат) кьыщызэрыIэтащ Дарвин и теориер (цIыхур номиным къытекIуэу къэзылъытэр) егъэджыным и ныбжьэр.

♦ **1934 гъэм** ССР-м кьыщызэрагъэпэщащ Къэрал кIуэцI Іуэхущхэмкіэ цIыхубэ комиссариатыр (НКВД).

♦ **1935 гъэм** ССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым кьыдигъэкIащ Москва зегъэужьыным теухуа план нэхъыщхьэр.

♦ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим** къызэралъхьурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦ Къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Іэбу** къызэралъхьурэ илъэс 90 ирокъу.

♦ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ **Срыкъуэ Хьэмщ Іасэ** къызэралъхьурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ Жыл агъуэ лэжьакIуэ, Сириеи и Адыгэ фIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Гугу Акрэм** къызэралъхьурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦ УФ-м и цIыхубэ артист **Олейников Илья** (и унэцIэ дыдэр **Кляверщ**) къызэралъхьурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ УФ-м и цIыхубэ артист **Стоянов Юрий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦ КъБР-м цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжьынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщым и медалыр зыхуагъэфэща **Порте Галинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ КъБР-м и КъШР-м щIыхь зиIэ я артистхэ **Шэрджэс Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦ Урысей фигурист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион **Кацалапов Никитэ** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 11, *щэбэт*

♦ **ЦIыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Шоколадым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысей пощтым и махуэщ**

♦ **Бдзэжьеящэм и махуэщ**

♦ **УэздыгъэI нэхур кьигъэсэбэпурэ сурэт зыщIым и махуэщ**

♦ **Белоруссием и налог Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦ **1700 гъэм** Берлин кьыщызэIуахащ Германием щIэныгъэхэмкIэ и академиер. Абы и ипэ президенту хахат дуней псом щыщIэрыIуэ нэмыцэ философ икIи математик **Лейбниц Готфрид**.

♦ **1897 гъэм**, аэростат къагъэсэбэпри, Арктикэм щыщIадзащ ипэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIын.

♦ **1941 гъэм** щIидзащ Киев къалэр хъумэжьным теухуа зауэ гуащIэм.

♦ **1958 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхэм хэтын папщIэ.

♦ **1987 гъэм** ЩIы хъурейм цIыхуу щыпсэур меларди 5 иригъэкIащ.

♦ **1998 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Ныжьыщ Іэхэм я дунейпсо спорт джэгуэр. А зэпеуэзэр егъэкIуэкIыныр къыхалъхьат Москва къалэм и Правительствэмрэ Урысейм и Олимп комитетымрэ. Абы хэтащ къэрали 131-м я лIыкIуэ ныбжьыщIэхэр, спорт лIэужьыгъуэ 14-кIэ зэпеуащ.

♦ Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрэф Майе** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ Италием щыщ модельер цIэрыIуэ, хьэрычэтыщIэ, а къэралым и цIыху нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ **Армани Джорджо** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Алим** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦ Совет хоккеист цIэрыIуэ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Анисин Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 12, *блыщхьэ*

♦ **Сурэттехым и дунейпсо махуэщ**

♦ **ЦIыхухэр кьызэрырашэI кхъухьлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **1590 гъэм** Саратов къалэм и лъабжьэр яГъэтIылъащ.

♦ **1641 гъэм** Астрахань хъанымдзэм Балъкъ и дзе щIригъэкIуэкIа зауэм хэкIуэдащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

♦ **1783 гъэм** Бытырбыху кьыщызэIуахащ Театр Иныр, иужькIэ Маринискэ цIэр зыфIащыжар.

♦ **1862 гъэм** США-м и дзэм къулыкъу щызыщIэхэм хуагъэфащэ дамыГъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - ЩIыхьым и медалыр - яГъэуващ.

♦ **1917 гъэм** Ипэ дунейпсо зауэм химие Іащ - иприт газыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Инджылызхэмрэ франджызхэмрэ я дзэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр къызэпиудын мурадкIэ, дунейм зэи къыщыщымыхъуауэ, Германием химие Іащэ Бельгием и къалэ Ипр деж къыщызэкъуихащ Зауэр щекIуэкIа щIыпIэм и цIэр фIащауэ щытащ а щхъуэхь лIэужьыгъуэм.

♦ **1943 гъэм** Прохоровкэ къуажэм деж щекIуэкIащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыхъэгъ гуащIэ дыдэу къалъыта, лъэныкъуитIми я танкхэр щызэпэщIэта зауэр. Совет, нэмыцэ танкыу абы хэтащ 1200-м щIигъу, къхуэльатэхэри я дэIэпыкъуэгъуэу.

♦ **1988 гъэм** Нагорнэ Карабахым и областной советым унафэ кьищтащ а щIыналъэр Азербайджаным кьызэрыхэкIым теухуауэ.

♦ **1998 гъэм** Франджым футболымкIэ и командэ къыхэхар апхуэдэ лъагапIэ зэи нэмысауэ, дуней псом и чемпион хъуащ. КIэух зэIущIэм ар Бразилием и командэм 3:0-у щытекIуат.

♦ **2001 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Дунейпсо Олимп Комитетым и 112-нэ сессиер. Олимп зэщIэхъеенныгъэм къыпэщыт зи чэзу къалэнхэм тепсэлъыхьыным къыдэкIуэу, абы щаубзыхуащ 2008 гъэм зи чэзу Джэгуэрэ щекIуэкIыну щIыпIэри. Абы теухуауэ Iэ зыIэтэ цIыхуи 126-м я нэхъыбапIэм нэхъ яфIэтэмэму къыщIэкIащ зэпеуэзэр Китайм и къалащхьэ Пекин щызэхэтыныр. Сессиием апхуэдэуи щыхахащ Дунейпсо Олимп Комитетым и президентыщIэри. А къулыкъур хуагъэфэщат Бельгием щыщ Рогге Жак.

♦ **2009 гъэм** Литвам и президенту Грибаускайте Даля хахащ, а къулыкъум цIыхубэ нэхъапэм зэи темытауэ.

♦ Чилим щыщ усакIуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Нерудэ Паблэ** (и цIэ дыдэр **Рикардэ Элизер Нефтали Рейес Басуальтощ**) къызэралъхуэр илъэси 77-рэ ирокъу.

♦ УФ-м, КъБР-м щIыхьэ зиIэ я сурэтыщI **ТхьэкIумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦ Уэрэджыкъуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Толкуновэ Валентинэ** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ Сценарийкэр зытх, кинорежиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Лунгин Павел** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦ Социологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **ТхьэкIушынэ Аслъэндэрий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ Дзюдо спорт лIэужьыгъуэкIэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэрэт** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦ Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Домогаров Александр** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуущыгъэ:

Удын зэхэдзэ нэхърэ - Іыхьэ зэхэдзэ.

Къалэдэсхэр хуэзэшат

Къалапщэм щыIэ Дэшхуэт хадэр зэIузэпэщ щIыныр и кIэм нагъэ, лъэс зекIуэпIэм асфальтыр, плиткэр телъхьэн яухри, уэздыгъэ пкъо дахэхэр яГъэувыжащ.

ХАДЭ кIуэцIым лъэныкъуэ зыбжанэкIэ щызэбгрыгуэшыкIа лъэс лъагъуэхэм я бгъуагъым машIэу къэхьагъэхъуащ. Куэд щогуфIыкI тетIысхьэпIэхэр нэхьыбэ зэрыхъуам. ИпэIуэкIэ ахэр цIыхухэм къемэщIэкIыну щытамэ, иджы пхъэнкIий идзапIэ зыкъызыхьхэр бгъурытыжу, лъэс лъагъуэ кьэс тетщ. Зи зэкъуэу щысыну хуейхэмкIи дэрэжэгъэщ языныкъуэ жыг щIагъэхэм зэгъэужьыгъуэ щIагъэува тетIысхьэпIэ закъуэтIакъуэхэри.

УхуакIуэхэм, хадэм къыщызэкIухьхэм зыкIи зэран яхуэмыхъуу, къахуэна лэжьыгъэ цIыкIуфэкIуэр и кIэм нагъэсыж: бетон къэухьхэм я лъабжьэр яГъэбыдэ, гъэузгуфIу датIыкIаэхэр яГъэсеижь.

Сабийхэм я атрракционыр къагъэщIэрэщIапащ. ЦIыкIухэр я щIэщыгъуэу къэжэх пкIэлъей зэпэхъурейхэр зи кум ит Іуащхьэм. Джэгуп Іэ утым ита хъыринэхэм щIэуэ 2 къахэхъуащ. Иджы абы хуиту щещIэ хъунущ сабий нэхъ цIыкIуэри зи школ щIэтIысхьэгъуэ нэсахэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къуалэщэм щыIэ Дэшхуэт хадэр зэIузэпэщ щIыныр и кIэм нагъэ, лъэс зекIуапIэм асфальтыр, плиткэр телъхьэн яухри, уэздыгъэ пкъо дахэхэр яГъэувыжащ.

ХАДЭ кIуэцIым лъэныкъуэ зыбжанэкIэ щызэбгрыгуэшыкIа лъэс лъагъуэхэм я бгъуагъым машIэу къэхьагъэхъуащ. Куэд щогуфIыкI тетIысхьэпIэхэр нэхьыбэ зэрыхъуам. ИпэIуэкIэ ахэр цIыхухэм къемэщIэкIыну щытамэ, иджы пхъэнкIий идзапIэ зыкъызыхьхэр бгъурытыжу, лъэс лъагъуэ кьэс тетщ. Зи зэкъуэу щысыну хуейхэмкIи дэрэжэгъэщ языныкъуэ жыг щIагъэхэм зэгъэужьыгъуэ щIагъэува тетIысхьэпIэ закъуэтIакъуэхэри.

УхуакIуэхэм, хадэм къыщызэкIухьхэм зыкIи зэран яхуэмыхъуу, къахуэна лэжьыгъэ цIыкIуфэкIуэр и кIэм нагъэсыж: бетон къэухьхэм я лъабжьэр яГъэбыдэ, гъэузгуфIу датIыкIаэхэр яГъэсеижь.

Сабийхэм я атрракционыр къагъэщIэрэщIапащ. ЦIыкIухэр я щIэщыгъуэу къэжэх пкIэлъей зэпэхъурейхэр зи кум ит Іуащхьэм. Джэгуп Іэ утым ита хъыринэхэм щIэуэ 2 къахэхъуащ. Иджы абы хуиту щещIэ хъунущ сабий нэхъ цIыкIуэри зи школ щIэтIысхьэгъуэ нэсахэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди газетым зэрытетащи, бадзэуэгъуэм и 3-м Мейкъуапэ щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зи чэзу зэIущIэ. Абы хэтащ Тырку, Иорданиеу, Сирие къэралыгъуэхэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм щыIэ хасэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр.

АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат зэIущIэм хэтхэм фIэхъусклэ захуегъаза.

ЗэIущIэм ирагъэблагъри хэтащ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхакIуэ цIрыIуэ, нэхъыжьыфI **Мэшбащ Исхьэкъ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, Адыгейм лъэпкъ IуэхуэмкIэ, хамэ къэрал щIопсэу ди лъэпкъэгъуэм ядэлжьэныжьмрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Щхьэлахьуэ Аскэр**, нэгъуэщIхэри.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къыщызэIуихым Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **КъумпIыл Мурат** екъуэхъащ УФ-м «ЩIыхьым и орден» и дамыгъэ лъапIэр къыззэрыхуагъэфэщамкIэ.

Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ КъумпIылым и Iуэху зехьэкIэмрэ лжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэмкIэ цIыхухэр арэзы зэрищIыр. ДАХ-м и тхьэмадэм жиIащ къуэш республикэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ дахэхэм зэрыщыгугIыкIыр, ар КъумпIылымрэ абы къыгуэт гупымрэ я фIыщIэу къызэриплъытэр. Адыгэ Республикэм адэкIи зиужьыну, efIэкIуэну абы и Iэтащхьэм и щIэныгъэм и цIэр нэхъыфIыжкIэ къраIуэну ехъуэхъуащ Сэхъурокъуэ Хьэутий бысым щIыналъэм.

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат зэIущIэм хэтхэм, хьахуебгъуэ хьэщIэхэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 30 ирокъури, а пIаIэм къриубыдэу анэдэлъхубзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным, лъэпкыр зэкъуэгъэуцуэным, къыдэкIуэтей щIэблэм псэкупсэ лъапIэныгъэхэр яIэу къэгъэтэджыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, глобализацэм и зэранкIэ лъэпкъэм я щхьэхуэныгъэхэр мэкIуэщI. Ди япэ итахэм тхуахъума Iэужь дахэхэр дэнэ щIыпIи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэпызыщIэ щхьэусыгъуэ къудейкъым, ахэращ ди лъэпкъым и зыужьныгъэм, и пщэдеирей махуэм лъабжьэ хуэхъур. Ди адэжьхэм я пащхь ди пащ къыщыдахуэ къыалэнхэм ящыщщ къызыхэкIар ящIэжу, абы иригушхуэу, и тхыдэмрэ и щэнхабзэ беймрэ щыгъуазэу щIэблэр къэгъэтэджныныр. КъыхэзмыгъащIи слъэкIынукъым Дунейпсо Адыгэ Хасэм лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным теухуауэ илажьам и куэдагъыр.

Ди къэралым гулъытэ хэха щыхуащI лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэм, сэри абы телажьэныр ди зыужьныгъэм, къэкIуэну дахэм и лъабжьэу къызолъытэ. Быдэу си фIэщ мэхъу ди ефIэкIуэныгъэр ди кьару зэрызэхэтлъхэм, дызэрызэкъуэтым зерельытар, - жиIащ КъумпIылым.

АР-м и Iэтащхьэр ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуамкIэ екъуэхъури, лъэпкым хуитажьа Iуэху щхьэпэхэм папщIэ «Адыгейм и щIыхь» дамыгъэ лъапIэр иритащ.

Адыгейр нэхъыфIу илъагъу щIыналъэхэм зэращыщыр, абы къыхэкIыу къыхуагъэфэща дамыгъэр и

Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и псалъэ.

дежкIэ тIэунейуэ зэрыльапIэр жиIащ ДАХ-м и тхьэмадэм. Дяпэкли хуэзфэкI къимыгъанэу лъэпкъ Iуэхур егъэфIэкIуэным зэрыталажьэнури дыщIигъужащ.

ЗэIущIэм япэ Iуэхугъуэу щыхэплъащ Адыгэ Республикэм и Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламентым 2021 гъэм зэфIиха Iуэхуэхэм.

Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэу Рэмэзан къыщыпсалъэм къыхигъэщащ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ махуэ хэхахэр екIуу къыззрагъэпэщауэ зэрырагъэкIуэкIар. ЛIымыщэкъуэм жиIащ илъэс еIуанэ хуэдиз ЩIыналъэ Хасэм и Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламентым 2021 гъэм зэфIиха Iуэхуэхэм.

Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэу Рэмэзан къыщыпсалъэм къыхигъэщащ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ махуэ хэхахэр екIуу къыззрагъэпэщауэ зэрырагъэкIуэкIар. ЛIымыщэкъуэм жиIащ илъэс еIуанэ хуэдиз ЩIыналъэ Хасэм и Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламентым 2021 гъэм зэфIиха Iуэхуэхэм.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 30 ирокъури, а пIаIэм къриубыдэу анэдэлъхубзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным, лъэпкыр зэкъуэгъэуцуэным, къыдэкIуэтей щIэблэм псэкупсэ лъапIэныгъэхэр яIэу къэгъэтэджыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, глобализацэм и зэранкIэ лъэпкъэм я щхьэхуэныгъэхэр мэкIуэщI. Ди япэ итахэм тхуахъума Iэужь дахэхэр дэнэ щIыпIи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэпызыщIэ щхьэусыгъуэ къудейкъым, ахэращ ди лъэпкъым и зыужьныгъэм, и пщэдеирей махуэм лъабжьэ хуэхъур. Ди адэжьхэм я пащхь ди пащ къыщыдахуэ къыалэнхэм ящыщщ къызыхэкIар ящIэжу, абы иригушхуэу, и тхыдэмрэ и щэнхабзэ беймрэ щыгъуазэу щIэблэр къэгъэтэджныныр. КъыхэзмыгъащIи слъэкIынукъым Дунейпсо Адыгэ Хасэм лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным теухуауэ илажьам и куэдагъыр.

Ди къэралым гулъытэ хэха щыхуащI лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэм, сэри абы телажьэныр ди зыужьныгъэм, къэкIуэну дахэм и лъабжьэу къызолъытэ. Быдэу си фIэщ мэхъу ди ефIэкIуэныгъэр ди кьару зэрызэхэтлъхэм, дызэрызэкъуэтым зерельытар, - жиIащ КъумпIылым.

АР-м и Iэтащхьэр ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуамкIэ екъуэхъури, лъэпкым хуитажьа Iуэху щхьэпэхэм папщIэ «Адыгейм и щIыхь» дамыгъэ лъапIэр иритащ.

Адыгейр нэхъыфIу илъагъу щIыналъэхэм зэращыщыр, абы къыхэкIыу къыхуагъэфэща дамыгъэр и дежкIэ тIэунейуэ зэрыльапIэр жиIащ ДАХ-м и тхьэмадэм. Дяпэкли хуэзфэкI къимыгъанэу лъэпкъ Iуэхур егъэфIэкIуэным зэрыталажьэнури дыщIигъужащ.

ЗэIущIэм япэ Iуэхугъуэу щыхэплъащ Адыгэ Республикэм и Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламентым 2021 гъэм зэфIиха Iуэхуэхэм.

Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэу Рэмэзан къыщыпсалъэм къыхигъэщащ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ махуэ хэхахэр екIуу къыззрагъэпэщауэ зэрырагъэкIуэкIар. ЛIымыщэкъуэм жиIащ илъэс еIуанэ хуэдиз ЩIыналъэхэм гурыIуэуэ, Хасэм иregъэхьэзыр.

Къэралым грант зэрахуихха «Адыгэ хъэщIэ гъэхьэщIакIэм и хабзэхэр тхъумэу» проектым ипкъ иткIэ, Адыгэ Хасэм лэжьыгъэ дахэ щыналъэм щригъэкIуэкIащ. Абыкlэ шу зекIуэхэр, шыгъажэхэр, пасэрей адыгэ джэгуакIэжьхэмкIэ зэпеуэзэр къызэрагъэпэщащ, а Iуэхуэхэм кърагъэблагъэри хэтащ къуэш республикэхэм къикIа хьэщIэхэри.

Хасэр дэIепыкъуащ Урысейм и ГТРК-м «Земля людей» программэ гъэщIэгъуэныр щригъэхьэзырым. Ар теухуащ ди къэралым и лъпкъхэм я щхьэхуэныгъэр къэгъэльэгъуэным, ахэр гъэльэпIэным.

Апхуэдэуи зыщIагъэхъуащ адыгэ тхакIуэ цIарыIуэ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и «Аиссе» романым тращыкIа кинофильмыр тезыха гупым.

Урысей Федерацэм и цIыхухэр къызэрыхъыкIынум и регламентым зэхъэжкIынигъэ халъхьэнымкIэ жэрдэм ящIри, ар ДАХ-м и зэIущIэм къыщащтащ. Абы ипкъ иткIэ, къэралым

ДАХ-м и Хасащхьэм и зэIущIэм кърихьэлIахэр.

ис лъэпкъ лIэужьыгъуэхэр къыщIаIуэкIэ «Адыгэхэр (шэрджэсхэр)» псалъитIыр хатхэнущ. ЗэхъуэкIынигъэр псалъитI къудей фIэкI мыхъуми, абы лъэпкъым и дежкIэ иIэ мыхьэнэр зэрыиныр иджыри зэ къыхигъэщащ ЛIымыщэкъуэм.

КъыкIэлъыкIуэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ДАХ-м и Зэхуэсыгъуэ зэрекIуэкIынум, ар къызэрызэрагъэпэщынум.

Фокlадэм и 19-м екIуэкIыну трауха а Iуэхугъуэм ирихьэлIэу Iуэхугъуэм зэфIэхьи зэрыхуейм къыхэкIыу, ДАХ-м хэт дэтхэнэри абы хуэлэжьну къыхуриджащ Сэхъурокъуэм. Хамэ къэрал щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъэкIуэнухэм я цIэ унэцIэмрэ я бжыгъэмрэ, зэIущIэм къыщыIэтыпхъэу къаIытэ Iуэхуэр ипэ иту ягъэбелджылыну яжриащ тхьэмадэм. Зэрыхабзэу, абы кърагъэблагъэнущ лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэр.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр, ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъур гъэлъэпIэным и Iуэхукlэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыцlэ Мухьэмэд** къыщыпсалъэм, КъБР-м илъэс зыбжанэ хьуауэ къыщащтауэ щагъэлъапIэ - махуэщIэр КъШР-мрэ АР-мрэ къыщызэдащтэну, зэгъусэу а махуэр зэдагъэлъапIэмэ, лъэпкъым хуэщхьэпэну къыззрилъытэр къыхигъащащ. Абы жиIар даIыгъуэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Щхьэлахьуэ Аскэр сымэ.

-Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэрызэхащэрэ сыдогъэгугърыкIуэ, абы и Хабзэр Къалмыкъ Юрэ и Гъусэу зытхахэм сэри сахэтащ. Си щхьэкIэ си Iыхьлы-лыджанэ куэд щIэслъхъэжащ, гуауэ мымащIи слъэгъащ, ауэ щыхъукIи, сэ сIэщIэкIэхэм махуэ кьэс сатегъэу сыпсэуэкъым. Апхуэдэщ лъэпкым и Iуэхур. ЩIэблэм къыззыхэкIам и Iэфыр ищIэн папщIэ абы и махуэфI иIаугъун, иригушхуэн, и фащэ дахэр щитIагъэу джэгу зэхьихьэ щIищIын щхьэусыгъуэ етын хуейщ. Ар республикищми зэгъусэу дгъэлъэпIэныр сфIэигъэущ, - жиIащ Мэшбащ Iэм.

ДАХ-м и вице - президент **Щоджэн Iэминатрэ** Гъэззщ Iакlуэ гупым хэт **Табыщ Муратрэ** хэхэс адыгэхэм папщIэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щаджжу къызэрагъэпэщ курсхэм теухуауэ къэпсэльащ.

Гъэ кIуам и бжьыхьэм ирагъэжьа курсхэр мазищIэ ирагъэкIуэкIати, абы къриубыхьэмрэ и щIэупщIэр зэрыиныжрэ къыхьэкIыу, мы гъэми мэкъуауэгъэ мазэм щегъэжьауэ дерсхэм пащэну унафэ къащтащ.

Урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зззыгъэщIэну хуей гупхэр тIуу гуэшащ: нэхъыфIу бзэр зыщIэхэмрэ, мащIэ дыдэу зыIурымылъхэмрэ. А дерсхэм Интернеткlэ къыхохьэ Тыркум, США-м, Финляндием, Иорданием, Адыгейм, КъБР-м щыщ ди лъэпкъэгъуэхэр.

- Къыхэгъэщыпхъащ а дерсхэм хэтыну хуейхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэр, нэгъабэ нэхърэ тIукIэ нэхъыбэщ иджырейм къыхьхьахэр. Урысыбзэр ззэыгъэщIэн къыщIэзыдзэ гупыр щIыху 90 мэхъу, пызыщIэхэр 30-м фIокI. Курсым илъэс 14-70 ныбжьым итхэр щызэхуос. Псом хуэмыдэу гуапэщ абы щIалэгъуалэ куэду къызэрыхьхьэр. Дерсхэм я мыхьэнэр бзэр зэгъэщIэным дежи щиухьиркъым, атIэ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэрыгъэщIыхуным, яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным куэдкIэ хуощхьэпэ. Абыкlэ адэжь щIыналъэм нэхъ пэгъунэгъу хуэхъуу кьыщоохъу, - яжриаIащ къызззхуэсахэм Щоджэн Iэминат.

ДАХ-м и Хасащхьэр зэIущIэм щыхэплъащ Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щIэблэр КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Краснодар щIыналъэм хьыхъ ПсыфIыпэ кьуажэм (Лазаревск) и сабий зыгъэпсэхупIэхэм мы гъэм къегъэблагъэным ехьэлIауэ щыIэ лъэпощхьэпохэмрэ ар зэрызэфIэхыпхъэхэмрэ.

Къэпсэлъахэм зэрыжаIамкIэ, хамэ къэрал къикIыжауэ адажь щIыналъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэмрэ хэкурысхэм еймрэ зэгъусэу зыщагъэпэсэхунущ абыхэм. Пандемиеи и зэранкIэ, хэхэсхэм я щIэблэр кьашэну зэкIэ Iэмал яIэкъым.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къызззхуэсахэр щигъэгъуэзащ а гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм программэ гъэщIэгъуэн зэраIэм, абы сабийхэм я нэгу зыщагъэжьыным имызакъуэу, я щIэныгъэм, бзэ, хабзэ и лъэныкъуэкIэ ящIэм щыхагъэхъуэну Iэмал зэрагъуэтым. Абы хасэ тхьэмадэхэр захуигъаазэри Iуэхур екIуу, къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщыну елъэIуащ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ДАХ-м и Уставым (Хабзэм) зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнуэхэм, «Международная Черкесская Ассоциация. Партнёрство адыгэких (черкесских) общественных организаций» тхылъыр къыдэгъэкIыным зэрыхуагъэхьэзырым, лъэпкъым и Iуэхудагъэкl нэгъуэщI Iуэхугъэхэми.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зэIущIэм и кIэухыр Iуэхугъуэ гуапэкIэ гъэнщIат. Абы щагъэлъапIащ иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуа нэхъыжьыфIхэу Мэшбащ Iэ Исхьэкъэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыцlэ Мухьэмэдэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ лъэпкъым и зыужьныныгъэм хуэлажь, абы и Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуэта, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэу Цыкlущэ Асльэн, Ачмызкъ (Ацумыжь) Юсуф, Къуижкъ Къаплъэн, Шыбзыхьуэ Юрэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Тlэш Светланэ сымэ.

ДАХ-м и щIыхь тхьилъыр иратащ «Илъэмей» къэрал ансамблым (АР). КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхуащ Iэ зэрыжаIэнымрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхьилъыр Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламент жылагъуэ зэгухьэныгъэм (АР) и тхьэмадэ **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан** иратащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ
Налшык - Мейкъуапэ - Налшык.

Цlыхухэр я теплъэкlэ зэрыззэмыщхьым хуэдэу, я хьэл-щэнкlи, я Iуэхущlафэкlи эхъуэдэжьым. Абы къыхэкIыу тхузэфIэкIыркъым гульытэ лей зыбгъэдэлъ цlыху гуащIафIэхэм зэман-зэманкIэрэ я гугъу дымышIу. Псом хуэмыдэу ар махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зи дуней тетыкIэ укIэльыпльыну Iэмал зыхуэбгъуэт, къэпльыхъуэми, дагъуэ гуэри щIыхуэпщIыфын щхьэусыгъуэ зыдумылъагъу цlыхуу щытмэ. Апхуэдэщ си дежкIэ си адэ шыпхъу Феня.

ФЕНЯ Псыгуэнсу адыгэ къуажэм дэс Шэрпэжьыхэ япхъущ, Балъкъыхэр я нысэщ. «Си адэр цlыхуу щытакъым» уэрэд гуэзыр зыхуауса, си сабиигъуэр зауэмрэ абы иужь лъэхьэнэ гугъуэхэмрэ хиубыдахэм ящыщщ ар. А зэман бзаджэм халъхуауэ гугъу емыхьа ди къэралышхуэм исауэ ящыщIэкIынкъым, дауи. А лъэхъэнэм и гугъу щищIыжьым и дежи, гъэщIэгъуэныращи, Феня нэгъуэщIхэм я теплъэ гугъуехьхэм нэхъыбэу топсэлъыхь, езыхэр зи адэр хэкIуэдахэм ящыщ пэтми.

- Ялэрауэ, зэрыбынитхум сэ сранэхьыщIэу дэлъхуиплI сиIэти, апхуэдэ дыдэу гугъуехь ямылей кьыслъагъэIэсыртэкъым. Абы къищIыщIауэ, ди адэр тIухьэщIымтъжми, адэщIхуэфIрэ анэшхуэфIрэ диIащ, сыткIи я нэIэ кьыттету, - жеIэ Феня. - Си адэшхуэ Хьэкlашэ и кьуитхум ящыщу плIыр зауэм кIуати, зыщ кьэзыгъэззэжар. Ди анэм и лъэныкъуэкIэ уIэбэми (ар Бэрбэчэ япхъут), и дэлъхубыим ящыщу щыр хуэпсэурти, абыхэми зэи гулъытэнщэ дащIыртэкъым. А псом и щIыIужкIэ дэ Алыхьыр къытхуэупсат гъунэгъуфIкIэ. Ар ди куэжьэ пщIэшхуэ зиIэу дэса ефэндышхуэ Барийкэ Мухьэмэдрэ абы и щхьэгъусэ, ХьэхъупащIэхэ япхъу Акълимарэ (я хьэдрыхэ фIы Тхьэм ищI) я унагъуэ дахэрт. Я бын дыдэхэм зэрахуэсакъыж хуэдэу, дэри кьытхущытащ, уеблэмэ куэдым я гуГэт ди анэхэр зэшыпхъуу е зэнысэгъуу. Ди зэхуакум куэбжэ щIыкIу хэлъу зы унагъуэм хуэдэу дызэдэпсэуащ дэ псори.

Феня зэрыжиIэмкIэ, Барийхэ я кьуэхэмрэ и дэлъхуэхэмрэ зэныбжьхэти, зэкъуэш дыдэхэм хуэдэу кьызздэхъуауэ, езыри быным я нэхъыщIэ ФатIимэт и ныбжьти, нэхъыбэм зэшыпхъу дыдэу фIэкIа кьащIэртэкъым. ФатIимэтрэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа Къэзанш Сэфарбийрэ унагъуэ дахэу Кэнжэ кьуажэм щIэрэ щхьэрэ яIэу щопсэури, ахэр ноби зэрышIу кьызэдогъуэгурыкIуэ.

Мыри гъэщIэгъуэну хэлъщ си адэ шыпхъуи и хьэлэхэм: зи гугъу тщIа зэманым блэкIыу балигъ гъащIэм хьыхьэу унагъуэ ихьа нэужь, зыхэхуахэр нэхъыфIыжу щытауэ Iэ. Ещхьыркъабзэщ Феня илъэс 44-кIэ щылэжьа кьуажэ амбулаторэм щIэсхэм я гугъу щищIкIэ. Ар сымаджэщу щыщытам щыгъуэ кьадэлэжьа нэхъыжьыфIхэм яхуэдэ щыIаIуи жеIэ. Апхуэдэ, иужькIэ езыр зи нэхъыжьу кьащIэуа щIэблэм япэхъуни гъэтыгъуейуэ ди фIэщ ещI абы.

Феня щхьэгъусэ хуэхъуа Балъкъыз Хьэтуи зауэжьым адэнщэ ищIахэм ящыщт. А зы бын закъуэм фIэкIа зэдамыгъэтами, абы и анэ ХутIэ (ари ди кьуажэ Шыбзыхьэзэ япхъут) ибг щIыкIуэзэри, а Iуэхур нэгъуэщIхэм емыхъуапсэу, зыхуей зэрыхуигъэзэным телажьэу и гъащIэр ихьащ. ИкIи ар абы къемыхъулIауэ пхужьыIэнутэкъым. Я щIалэ закъуэ Албэч. Зыхуеджа Iэщlагъэм хуэпэжу ар щылэжьащ къуажэм щызэхэта колхозым, иужькIэ Аруан «Мэкъумэщтехникэм» и инженер нэхъыщхьэу, и унафэщIу щытащ. Мы зэманым толэжьыхьыж бдджэнду иныгъ и щIы Iыхьэм. Албэчэрэ и щхьэгъусэ Оксанэрэ хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ яIэщи, ахэращ Феня и нобэр зыгъэдахэр, пщIэдейрей махуэм и гугъапIэфIэхэр къезытыр.

Лэжьыгъэм къыпэрыкIыжу дэтIысхьэжа иужькIи, и псэ гумызагъэм къыхуидакъым Феня ауэ щысыну. Абдеж сэбэп къыхэхъуащ щыщIыкIум и анэшхуэм зыхуригъэджауэ щыта, зэи Iэщlыб имыщIа диным псэ кьабзэкIэ зэрыбгъэдэтыр. Мы иужь зэманым кьежьа узыфэхэм я зэранкIэ щIыхь Iувхэм яхэмыхьэми, «зи псэ кьысщыгуГъ дауэ гулъытэншэ сщIын, схуэзфIэкIыху» жеIэри Къурэн лъапIэр Iещlэлъу псапэ щIэным хуолажьэ.

Си тхыгъэм и пэщIдзэм зэрыщыкьысIащи, сыт хуэдэ Iуэхугъуэми кьыхуигъуэт хэкIыпIэр бгъэщIагъуэу апхуэдэщ ди Феня и дуней тетыкIэр. Дунейм ехьжащ абы и анэри, анэ пэлъытэ хуэхъуа и гуащIри, и дэлъхуэри, ауэ гуфIэгъуэри гузэвгъуи зэпIэзэрыту щыт ди адэ шыпхъум Тхьэр кьыхуэупсаци, дахэщ жьыщхъэ махуэ хъуа и нобэр, кьуэрылъху-пхъурылъхуу блы иIэщ, абыхэм кьащIэхъуэжьажэри пIы мэхъу.

Мы тхыгъэм сетIысылIэн хуей щIэхъуам нэгъуэщI зы щхьэусыгъуи иIэщ. Мы гъэм илъэс 60 ирокъу Фенярэ иджыри къэс и гум имыху и классэгъуэхэмрэ школыр кьызэраухэрэ. Яхэтщ абыхэм ди къэралышхуэм и кьалащхьэ Москва щIэнигъэ нэхъыщIхэ щызэзыгъэгъуэта Iещlагъэлl цIэрыIуи, полковник вагъуэхэр зи дамэтелъу кьулыкъу зыщIаи, ухуэныгъэхэмкIэ инженери, егъэджакIуи, бэм я узынщагъэр хуэмэным хьэлэлу куэдрэ хуэлэжьа цIыху гуащIафIэхэри. Псом кIэхьэжьраци, кьахэкIакъым абыхэм гъащIэм ювыпIэ тэмэм щызымыубыдыфа. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыIэщ абыхэм нобэ мыпсэужкэр, я ахърэт Тхьэм фIы ищI.

Си адэ шыпхъум зи хъыбархэр кьыджилэж а цIыхухэми, езы бзылъхугъэ Iуматхуэми гурэ псэкIэ сохъуэхъу я узынщагъэр мыкIуэщIу тхуэпсэуну, я бынхэм я гуфIэгъэкIэ я щхьэр лъагэу яIэту куэдрэ дяпэ итыну! Фэ фхуэдэхэращ кьыштщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэхъур.

ШЭРIУЖЪ Аслъэн.
Псыгуэнсу къуажэ

● Ди нэхъыжьыфIхэр

ЩIэблэм я щапхъэ

Хьэту яхэтащ нэхъапэу ди университетым и мэкъумэш факультетыр агроном Iэщlагъэр иIэу къэзыухахэм. Кьуажэм щызэхэт, Гъэзугнокъуэм и цIэр зезыхь колхозым учетчикыу щыщIидзэри, жэуаплынытIэ ин зыпылъ Iэнатlэ зыбжанэм щылэжьащ, колхозым и парт комитетым и секретариуи щытащ. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлlу зэрыщытым кьыхэкIыу, партым и Аруан райкомым яшэри, мэкъумэш къудамэм и унафэщIу иIъэс куэдкIэ лэжьащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, Хьэту жэуаплныныгъэшхэ хэлъу бгъэдэтащ лэжьыгъэм, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, и узынщагъэм зэман кьыхькIэ гугъу иригъэхьащ, икIи илъэс 53-рэ фIэкIа кьимыигъэщIауэ дунейм ехьжащ. Псэужамэ, ар мы гъэм илъэс 80 ирикъунут...

Зэрызэдэпсэуа зэманыр мыкIыхьми, дахэт, икIи куп щIафIэт Хьэтурэ Фенярэ. Къахуиухар зэрымащIэр зыхащIэрт, жыпIэну, зыгуРыуэрэ зэдэлуэжу абыхэм зэдапIащ хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ГащIэм щытлъагъу гухэхъуэхэм ещхьыркъабзэу, нэщIабжьэри и мащIэкъым. Хинакъым абы Хьэтурэ Фенярэ я унагъуэри. Ди кIуэжь щIэ Гъобзийхэ Iуэсрэ Ленэрэ благъэ зэрахуэхъурэ зэман куэди дэмыкIауэ, и зэран лъэпкъ хэмылъу машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ Хьэтурэ Фенярэ я хьыджэбз нэхъыжь ФатIимэ и щхьэгъусэ Алик. Шэч хэмылъу, ар гуауэшхуэт, щалэр кьэзыльхуам я дежкIи я унагъуэм яхьхьагъащIэ нысащIэ цIыкIум и дежкIи, итIани цIыхуфэр Iувщ жыхуаIэрати, гуауэ кьытепсыхам гуэзрыдзэ иримыгъащIу ибг щIикъуэзри, и анэшхуэхэм я щапхъэм тету ФатIими и щхьэр щхьэузыхь хуищIащ дунейм кьыстехьа, зи адэр зымылъэгъуа илъэу Лианэ. ФатIимэ зыхуеджа фармацевт Iэщlагъэм иролажьэ Налшык дэт аптекэ нэхъыфIхэм ящыщ зым и унафэщIу. Лианэ Москва дэт Урысей правительствэм финансхэмкIэ и академиер фIы дыдэу кьиухауэ, унагъуи хьужауэ, и ехьупIэныгъэхэмкIэ и анэр, анэшхуэхэр игъэгуфIэу мэпсэу.

Си адэ шыпхъум зи хъыбархэр кьыджилэж а цIыхухэми, езы бзылъхугъэ Iуматхуэми гурэ псэкIэ сохъуэхъу я узынщагъэр мыкIуэщIу тхуэпсэуну, я бынхэм я гуфIэгъэкIэ я щхьэр лъагэу яIэту куэдрэ дяпэ итыну! Фэ фхуэдэхэращ кьыштщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэхъур.

ШЭРIУЖЪ Аслъэн.
Псыгуэнсу къуажэ

● Лъэпкъ Iуэху

ФокIадэ мазэм ДАХ-м и Зэхуэсыгъуэ екIуэкIынущ

Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и псалъэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ДАХ-м и Уставым (Хабзэм) зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнуэхэм, «Международная Черкесская Ассоциация. Партнёрство адыгэких (черкесских) общественных организаций» тхылъыр къыдэгъэкIыным зэрыхуагъэхьэзырым, лъэпкъым и Iуэхудагъэкl нэгъуэщI Iуэхугъэхэми.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зэIущIэм и кIэухыр Iуэхугъуэ гуапэкIэ гъэнщIат. Абы щагъэлъапIащ иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуа нэхъыжьыфIхэу Мэшбащ Iэ Исхьэкъэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыцlэ Мухьэмэдэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ лъэпкъым и зыужьныныгъэм хуэлажь, абы и Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуэта, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэу Цыкlущэ Асльэн, Ачмызкъ (Ацумыжь) Юсуф, Къуижкъ Къаплъэн, Шыбзыхьуэ Юрэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Тlэш Светланэ сымэ.

ДАХ-м и щIыхь тхьилъыр иратащ «Илъэмей» къэрал ансамблым (АР). КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхуащ Iэ зэрыжаIэнымрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхьилъыр Адыгэ Хасэ-Шэрджэс Парламент жылагъуэ зэгухьэныгъэм (АР) и тхьэмадэ **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан** иратащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ
Налшык - Мейкъуапэ - Налшык.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Гъэпцlакlуэр яубыд

Май районым и полицейхэм яубыдащ гъэпцlакlуэу шэч зыхуащI бзылъхугъэр.

ИНТЕРНЕТЫМКIэ абы цIыхухэм яхуигъэлъагъуэрт щымыIэ тепIэнщIэпльынрэ щыгъынрэ ящэхуну.

2021 гъэм щышыпIэм и 15-м илъэс 35-рэ зи ныбжь майдэс цIыхубзым Интернетым тепIэнщIэпльын зэращэм теухуа хъыбарыр кьыщигъуэтри, ар зыщэ хуэдэм хуэтхащ икIи кьыхуигъэльэгъуа счётым сом 8 200-рэ хуигъэхащ. Абы иужькIэ хьэпшыпэр зыщэм зыпищIэну Iэмал игъэтыкъуным, ахъшэр зыщIитари кьыIэрыхьакъым.

Пей зытехьам зыхуигъэзащ Урысей МВД-м Май районым щиIэ къудамэм.

Iуэхур щыззэхагъэкIым уголовнэ кьэлъыхьуэныгъэм и лжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр къахутащ. Ар нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 19 зи ныбжь, Оренбург областым щыщу къыщIэкIащ.

2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м пщащэр яубыдри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къашащ. ШIэн зыхуащIам илэжьамкIэ зиумысжащ.

Урысей МВД-м и къудамэу Май районым щыIэм следствэмкIэ и къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм ехьэлIауэ. Шэч зыхуащIым хуагъэуващ щIыпIэр имыбгынэну.

Наркотикхэр игъэкIыным зрипщытат

**Дзэлыкъуэ район судым иратаха щхьэщ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

● ГъэщIэгъуэнщ

Бзэ дапщэ зригъэщIэфыну цIыхум?

ЛОНДОН дэт колледжым лингвистикэмкIэ и профессор Хадсон Дик 2003 гъэм и жэпуэгъуэм упщIэ иГэуват: «Полиглотхэм ящыщу хэт бзэ нэхъыбэ дыдэ зыщIэр?».

«Си адэшхуэрагъэнщI», - кхъыуитхьжащ абы США-м щыпсэу зы щIалэм, и цIэ-унэцIэр кхраIуэну зэрыхуэмейр кIэщIэту.

Абы жиIэрт и адэшхуэ итальянецыр блэкIа лIэщIыгъуэм и 10-нэ гъэхэм Сицилием къикIыу Америкэм зэрыIэпхъуар, ар зэи школ зэрыщIэмысар, ауэ бзэхэр зэман кIэщIым кхуиубыдэу кхьзэрипхъуатэр. ЩIэныгъэ зимыIэ сицилиецым и ныбжьыр щыхэкIуэтам бзэ 70 ищIэрт, абыхэм ящыщу 56-м иритэфу, иреджэфу.

Ар Нью-Йорк щыIэпхъуам и ныбжьыр илэс 20 хъууэ арат. ГъущI гъуэгу вокзалым хьэлъэзехьэу щылажьэу арати, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым ящыщу цIыхухэм ирихьэлIэрт, арагъэнщ бзэхэм яхуищIа лъагъуныгъэр кхъыхьэкIар.

Хьэлъэзехьэм и Iуэхур фIы дыдэу екIуэкIырт, ахъшэ хьарзыни кхьилэжьырт, зэрихьэлIэ цIыхухэм елъытауи, бзэщIэхэр кхищIэрт. Абы и къуэрылъхум зэрыжиIэжымкIэ, 50 гъэхэм адэшхуэмрэ къуэрылъхумрэ дунейр мазихкIэ кхьзэхакIухьащ. Сыт хуэдэ къэрал кхьыщымыхутами - Венесуэлэ, Аргентинэ, Норвегие, Англие, Португалие, Италие, Греце, Турция, Сирие, Египет, Ливие, Марокк, ЮАР, Пакистан, Индие, Таиланд, Малайзие, Индонезие, Австралие, Филиппинхэр, Гонконг, Японие - дадэр цIыхухэм зэрепсалъэ бзэр фIыуэ игъэщэрыуэрт.

Таиландым щынэсам лIыжьым тай бзэр ищIэртэкъым, ауэ тхьэмахуитI щыIати, и кхьэжьыгъуэм ирихьэлIэу псэльэф хъуат. Тхыгъэр кхъзэрт и кхъурылъхум дзэм кхуныкIу щищIэу Таиландым зы илъэсрэ ныкIуэрэ щыIаУэ кхэкIуэжати, абы зэрызригъэщIам нэхърэ нэхъыфIу зэгуэр тхьэмахуитIкIэ а кхъралым щыIа дадэр псалъэрт.

Полиглотым и кхъурылъхум жиIэрт, бзэхэр фIыуэ зыгъэшэрыуэр и адэшхуэм зэримызакъуэр, атIэ абы и адэжри бзэуэ щэм нэблагъэ ищIэу зэрыщытар.

Хадсон профессорым и упщIэм и жэуапу цIыхухэм кхъыхатхащ итальян кардинал Меццофанти Джузеппе (1774-1849) бзэ 72-рэ ищIэу зэрыщытар, абыхэм ящыщу 39-мкIэ шэрыуэу псэльэфу кхьызэрекIуэкIар. Апхуэдэ дыдэу венгр зэдзэкIакIуэ Ломб Като (1909-2003) бзэ 17-м ирипсэльэфырт, иджыри 11-кIэ кхеджэфырт. Нэмыцэ Кребс Эмиль (1867-1930) бзэ 60 ищIэрт, псалъэм папщIэ, ермэлыбзэр тхьэмахуи 9-м кхриубыдэу зригъэщIат. Абыхэм яхьубжэ хъунущ бзэ 24-рэ зыщIэу щыта нэмыцэ щIэныгъэлI Энгельс Фридрихи.

Апхуэдэ цIыху щэджащэхэм «гиперполиглот» яфIищащ Хадсон Дик. Абыхэм профессорым яхебжэ бзих е нэхъыбэ зыщIэхэр. Сыт щхьэкIэ яхпIэмэ, ТIыс хъурейм и языныкъуэ планэзэхэм щыпсэуэм бзитху щэрыуэу зыщIэхэр яхэтщ. Псалъэм папщIэ, Швейцариием кхъралыбзипII щыIэщ, аэрри ящIэ, етхуанэу инджылызыбзэрри нэхъыбэм зэрагъащIэ.

Лингвистхэм, психологхэм, нейробиологхэм зэхагъэкI апхуэдэ цIыхухэм и щхьэкуцIым и зэхэлъыкIэр нэгъуэщIу арарэ я егугъыныгъэкIэ зэрагъэщIрарэ. Псалъэм папщIэ, Шпиман Генрих дунейпсо коммерсантну зэрыщытым кхыхэкIыу бзэ 15 зригъэщIэн хуей хъуащ, кхимыгъэсбэпу хъуртэкъыми. ЗэрыжаIэжымкIэ, кардинал Меццофанти Италием зэрыщыпсалъэ бзэ нэхъ цIыкIуэхэм ящыщ зыгуэр зы жэщым зригъэщIат, пщэдджыжьым щхьэпылъэ ящIыну зы щIалэ-щIэпхъэджащIэм и иужьрей псалъэхэм щIэдэIужьын хуейти.

Бзэ куэд зыщIэ цIыхухэм ятеухуауэ мыазрэныныгъэ кхъзыIуатэхэр сыт щыгъуи щыIэщ. Апхуэдэу языныкъуэхэм шэч кхьтрахъэ Меццофанти бзэ 72-рэ ищIэу зэрыщытам. А кхъмыр зэбгъэщIэн папщIэ зэман дапщэ текIуэдэну? Бзэ кхэс псалъэ мин 20 зэрыхэтыр кхэплъытэмэ, цIыхум зы дакъикъэм кхуиубыдэу зы псалъэ зэрыхуэзгъащIэм тепщIыхьмэ, бзэ 72-рэ зэбгъэщIэн папщIэ илъэситхурэ ныкIуэкIэ махуэ кхъэ сыхьэт 12-кIэ убгъэдэсын хуейщ. Апхуэдизыр зэбгъэщIа нэужьи, пщымыгъупщэжу урипсэльэфын щхьэкIэ, зэман дапщэ тебгъэкIуэдэн хуей?!

Лингвистхэм кхъзэралъытэмкIэ, абы пхузэфIэмыкIын хэлъхъым. Псалъэм кхьдэкIуэу жыпIэмэ, Массачусетскэ технологие институтым (США) щылажьэ Флинн Сюзаннэ кхьзэрильытамкIэ, цIыхум и акъылыр бзэ дапщи хуэзгъэщIэн хуэдэу ухуащ, зэман хуримкIымэ. Гарвард университетым (США) щыщ Пинкер Стивен бзэ куэд зэбгъэщIэным ямылей хэлъу кхьащIыхьыркъым, ауэ зи ухуэкIэкIэ зэщхь бзэхэр пфIызэхэзэрыхьынкIэ хъунущ.

Китайм щыIэ Германие посольствэм зэдзэкIакIуэу щылэжьа, нэмыцэ гиперполиглот Кребс и щхьэкуцIым щхьэхуэныгъэ гуэрхэр иIэу кхъахутащ. Ауэ ар иIэу кхалъхуарэ бзэ 60-м щIигъу зригъэщIа нэужь, апхуэдэу хъуарэ зыми ищIэркъым.

ДОХЪШОКЪУЭ Синэ.

● Жынду Iущым и таурыхъхэр

Жыг ку гъуанэ

ДЫГЪЭР кхъхьэри, гъэмахуэ пщыхьещхьэр кхихьащ. Жыгым идз ныбжькъэр нэхъ кIыхь хъуауэ, мэзыр щIыIэтыIагъэм зэщIещтэ. Нанэ лъэтэкIэ сигъасэрт. Сэ сыжьынду пIырыпIыжь щыкIуэти дыхьэшхэну фIэкIа сыльэтэфыртэкъым. Ауэ нанэ сытригъэгушхуэрт, си дамэкэри сшэщIыхукIэ хъыбысытхъурт. ЛъэтэкIэм зыхуэзгъэсэныр си дежкIэ гуфIэгъуэт. Ди унагъуэр щыпсэу жыгым и зы къудамэм дыгъуасэ сытелъэтыкIри, адрей къудамэм нэс сылъэтэфащ. Нобэ нанэ кхьызжиIащ гъунэгъуу щыт жыг щхьэ баринэм нэс сылъэтэну. А жыгыр апхуэдизкIэ баринэщи, гъунэгъуу щыт адрей жыгхэм къудамэхэмкIэ ялъэIэсырт. Сэ сыкъэгузэващ: схуэзэфIэмыкIмэ-щэ? Ауэ нанэ егъэджакIуэ Iэзэ дыдэщ. Си дамэкэр зыбжанэрэ тезгъуэри, гъунэгъу жыгым и къудамэм нэс сылъэтащ. Сыту фIыIуэ-тIэ! Абдежьм жыг лъэдийм иIэ ку гъуанэщхуэм гу лъыстащ - щхьэгъубжэм ещхьт ар. Сиплъэну сигу кхэлIауэ зыщыщсшийм, нанэ и гуапэ мыхъуауэ зыщIэдзIыкIащ...

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIа иужь абы жиIащ:

- КIыэздаIуэт, цIыкIуэ! Мы инышхуэр жыгейщ. Зигурым ар жыгыщIэ цIыкIуу щытащ, жьыбгъэм итъжIэзэ тхьэмпIэ зыбгъупщI фIэкIа пымыту. Езыри жьыбгъэ ин къепщэмэ, адэ-мыдэкIэ иригъащIэрт. Ауэ жыгейр жыгейщ. Зэман дэкIри ар инышхуэ, лъэщ щыхъум, пагагъэр кхынтекIуащ. Си псэущхьи абы и деж кхынпсэупIи кхъыщилъхьэрэзэкъым. Зы бзу закъуи ицIыхуртэкъым. Арати, жыг пхъафэр зышх зыкъпащIэхэр кхеуэсащ. Ялэ щцIыкIэ жыгейм абыхэм гу ялъитакъым. Ауэ хьэпIащIэхэр кхуздыкIей хъурри, жыгей пхъафэр щIэщынэм нэсащ. Абдежьм жыгейм кхыгурыуэжащ и щыуагъэр - ауэ и уэым и закъуэ пэлъэщынутэкъым. Нэщхъей кхъэхъащ... И къудамэ баринэхэри кхьелъэхъшэхащ...

Гъунэгъу жыгым жыгыIур щыпсэурт. Ар жыгхэр гъэхъужьнымкIэ Iэзэ дыдэт. КIыгурыIуащ абы жыгейр и дуней тетыкIэу щытам зэрыриукIытэжыр, бзу цIыкIухэм я жагъуэ зэрищIу щытамкIэ зэрыхущIегъуэжыр. Арати, жыгыIур абы еIэзэу щIидзащ. Гугъут ар зыIуува Iэнатlэр. ХьэпIащIэхэм и закъуэ ялэпъэщыртэкъым. Жыгыуфм кхыдэIэпыкъуну адрей и ныбжьэгъу бзухэри кхэлъэтащ. КIыгугурри кхраджащ. ЗэгурыIуэу зэдэлажьэри, бзухэм жыгейр ягъэкъэбзащ. Абы кхудамэщIэхэр кхыдэжьжащ. И щхьэ баринэри лъагэу иIэтыжри, бзухэр кхригъэблэгъащ и деж щигъэпсэуну. Иджы еплъ абы и ку гъуанэхэм щыпсэу бзухэм я куэдагъыр.

Си щхьэр кхэсIэри, жыгыщхьэм сыдэплъеящ. Пэжщ... Абгъуэ инхэри цIыкIухэри зыр зым кIэщIэсу кхудамэхэм фIэзт. Фэтэр куэду зэхэт чэщанэм ещхьт а жыгыр.

- Нанэ, хэт мобы исыр? - си дамэр сшиящ ку гъуанэмкIэ.

- Щэхуу... Абы кIэпхъ щопсэу. Иджыпсту абы шыр цIыкIу зэранщхуэр иIащ. Ар махуэ псом абыхэм якIэлъоплъ. ТIэкIу щхьэукъуэхэщ иджыпсту. Зрегъэпсэху кIэпхъ анэми. А ку гъуанэр жыгыIуIм и чэнджэщкIэ псэупIэ а зэрыбыным ящIащ. Щэху цIыкIуу илпъэт...

Сиплъэмэ... сыту телъыджа! Ку гъуанэр фэтэр дыдэм хуэдэщ. Къабзэ дыдэу зэлъыIухащ, шхын гъэтIыльыгъэхэр пIанэзэм щызэтелъщ.

- Уэ, плъэгъуа! - зысхуэшыIакъым сэ, згъэщIагъэ.

А напIэзыпIэм нанэ кхыскIэщIэуэри жыгей щIагъым сыкъыщIэхутащ. Сышынэнуи сыхунэсакъым, нанэ кхызбгъэдэтт. Ар кхызэшхыдащ: кIэпхъ ыкIрэр кхъэгъэуш пэтащ. Сэ ар зыкIи си жагъуэ сщIакъым. ИтIанэ нанэ сригъусэмэ, сэ сышынэхэхэркъым: унэм тэмэму дынэсыжьынущ. Зэрыхъуари араш...

ГУРОВЭ Людмилэ.

● Сабингъуэ насыпыфIэ

Сурэтым итыр Къуэдзокъуэхэ Арсенрэ Анжелэрэ я хъыджэбз гъэфIэн Лаликэ цIыкIущ.

● Фэ фщIэрэ?

Псэлъафэхэм къарыкIыр

Удым и удыгъэр ялэ кърегъащ.

ЦIыхум езым и къуанщагъэр нэгъуэщIым щытрилъхьэм деж къапсэлъ хабзэщ.

Емызэш мэшыбэ ещIэ.

Куэд зылэжьыф цIыху гуащIафIэм ехьэлIауэ къапсэлъ хабзэщ.

Къоджэм уигъэжеийркъым.

Зэпымыууэ уяужь итщ, уигъэзагъэркъым, псэхуплI къуитыркъым. ЦIыхум кIэрымыкI гупсысэ, гукъэкI, гурылъхэм теухуауэ къапсэлъ.

Нэ илъагъу нэ ещIэж.

Нэхъ къызэрагъэсэбэп хабзэр бын гъэсэным ехьэлIауэщ: уэ пщIыуэ илъагъурщ бынми ищIэжынур.

Псым къудамэ теткъым.

«IэубыдыпIэншэщ» жьхуиIэщ. Псым ущыбэлэрыгъ зэрымыхьунур кхъагъэкIыу къапсэлъ.

Удым зэхэдэ нэхърэ Iыхьэ зэхэдэ.

Зым и закъуэкIэ, и къарукIэ зэфIэмыкIыну гуэрым зэгъусэу иужь щихьэм, щеувалIэм деж къапсэлъ хабзэщ.

Е улIын е улIэн.

Таучэл зытращIэ Iэзу шынагъуэм иэнкIэ хъунэ кIыгъэхитIым (текIуэныгъэм е кIуэдыныгъэм) теухуауэ къапсэлъ, нэгъуэщI зыхэдэн щымыIэу кхъагъэуву.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Шхыныгъуэхэр

КIэртIоф пIастэ

БЖЬЫНЫЩХЬЭ укъэбзар тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ, шыуаным ит тхъу хъэпIъам хакIуэтэри, зэIащIэурэ нык ъуэлыбжьэ ящI. Шыбжий сыр хьэжа хаудэри, хьэзыр хъуху ягъэлыбжьэ (тхъуэпIъ дахэ хъуху). ИтIанэ кIэртIоф укъэбзар халъхьэ, ар щIимыгъэнаПэу псывэ щIакIэ, шыгъу хадзэри шыуаныщхьэр теПIауэ, мафIэр ешэхауэ хьэзыр хъуху, псыр щIэвэщIэху, яГъавэ. КIэртIоф вар шыуаным зэриЛъу благъакIэ е убалъэкIэ яущэб, щабабзэ хъухукIэ. Хьэзыр хъуа кIэртIоф пIастэм бжьын гъэлыбжьар хэшыпсыхьауэ, гъуафэу, мэ гуакIуэ кхъихиыу щытын хуейщ. Хуабэу тепщэчкIэ Iэнэм трагъэувэ. Дашх шатэ, кхъуей, шэ щIэмыху, шху.

Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):

кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 1000,

бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 200,

тхъууэ - грамми 100,

псывэу - грамм 400,

шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху хьэжыгъэ губорэ

НАРТЫХУ хьэжыгъэр псы кхэкъуалъэкIэ шыгъу е фошыгъу зыхэлъ шэкIэ япщ, тIэкIу яГъэупщIыIури, гуэдз хьэжыгъэ щIапщэ. И щхьэр трапIэри, Iэфl къщIыхьэн щхьэкIэ, щIыIапIэм сыхьэти 6-8-кIэ яГъэув. ТхьэвыщI шэкIэ япщмэ, зэрыщагъэтыр сыхьэтитщ, ИтIанэ я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ хупцIынэм мэжаджэм нэхърэ нэхъ цIыкIуу, пIащIэу Iыхьэхэр кхыхащIыкI, сантиметритI-щы я Iувагъыурэ. ТхъУ зыщIыуа тебэм иралъхьэри жьэгукIэ е хьэкулъэкIэ ягъажьэ дакъикъэ 33-35-кIэ. Губорэр хьэжкулъэм илъ гущI гъущI хъурэм теплъхьэури бгъажьэ хъунущ зэбгъэдзэкIыуэ. Губорэ жьар тебэм кхрахьжри псы щIыIэ тIэкIу щахуэ, щIаущэри щабэ хъун щхьэкIэ щдгъэтщ. ЗэмыкIуэкIыу куэдрэ щылъщ. Къалмыкъ шей, шэ, шатэ, шху дашх.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):

нартыху хьэжыгъэу - г 400,

гуэдз хьэжыгъэу - г 50,

псыуэ е шэуэ - г 250-рэ,

шыгъуу, тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГъэщIэгъуэнщ

Бзэ дапщэ зригъэщIэфыну цIыхум?

ЛОНДОН дэт колледжым лингвистикэмкIэ и профессор Хадсон Дик 2003 гъэм и жэпуэгъуэм упщIэ иГэуват: «Полиглотхэм ящыщу хэт бзэ нэхъыбэ дыдэ зыщIэр?».

«Си адэшхуэрагъэнщI», - кхъыхуитхьжащ абы США-м щыпсэу зы щIалэм, и цIэ-унэцIэр кхраIуэну зэрыхуэмейр кIэщIэту.

Абы жиIэрт и адэшхуэ итальянецыр блэкIа лIэщIыгъуэм и 10-нэ гъэхэм Сицилием къикIыу Америкэм зэрыIэпхъуар, ар зэи школ зэрыщIэмысар, ауэ бзэхэр зэман кIэщIым кхуиубыдэу кхьзэрипхъуатэр. ЩIэныгъэ зимыIэ сицилиецым и ныбжьыр щыхэкIуэтам бзэ 70 ищIэрт, абыхэм ящыщу 56-м иритэфу, иреджэфу.

Ар Нью-Йорк щыIэпхъуам и ныбжьыр илэс 20 хъууэ арат. ГъущI гъуэгу вокзалым хьэлъэзехьэу щылажьэу арати, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым ящыщу цIыхухэм ирихьэлIэрт, арагъэнщ бзэхэм яхуищIа лъагъуныгъэр кхъыхьэкIар.

Хьэлъэзехьэм и Iуэхур фIы дыдэу екIуэкIырт, ахъшэ хьарзыни кхьилэжьырт, зэрихьэлIэ цIыхухэм елъытауи, бзэщIэхэр кхищIэрт. Абы и къуэрылъхум зэрыжиIэжымкIэ, 50 гъэхэм адэшхуэмрэ къуэрылъхумрэ дунейр мазихкIэ кхьызэхакIухьащ. Сыт хуэдэ къэрал кхьыщымыхутами - Венесуэлэ, Аргентинэ, Норвегие, Англие, Португалие, Италие, Греце, Турция, Сирие, Египет, Ливие, Марокк, ЮАР, Пакистан, Индие, Таиланд, Малайзие, Индонезие, Австралие, Филиппинхэр, Гонконг, Японие - дадэр цIыхухэм зэрепсалъэ бзэр фIыуэ игъэщэрыуэрт.

Таиландым щынэсам лIыжьым тай бзэр ищIэртэкъым, ауэ тхьэмахуитI щыIати, и кхьэжьыгъуэм ирихьэлIэу псэльэф хъуат. Тхыгъэр кхъзэрт и кхъурылъхум дзэм кхуныкIу щищIэу Таиландым зы илъэсрэ ныкIуэрэ щыIаУэ кхэкIуэжати, абы зэрызригъэщIам нэхърэ нэхъыфIу зэгуэр тхьэмахуитIкIэ а кхъралым щыIа дадэр псалъэрт.

Полиглотым и кхъурылъхум жиIэрт, бзэхэр фIыуэ зыгъэшэрыуэр и адэшхуэм зэримызакъуэр, атIэ абы и адэжри бзэуэ щэм нэблагъэ ищIэу зэрыщытар.

Хадсон профессорым и упщIэм и жэуапу цIыхухэм кхъыхатхащ итальян кардинал Меццофанти Джузеппе (1774-1849) бзэ 72-рэ ищIэу зэрыщытар, абыхэм ящыщу 39-мкIэ шэрыуэу псэльэфу кхьызэрекIуэкIар. Апхуэдэ дыдэу венгр зэдзэкIакIуэ Ломб Като (1909-2003) бзэ 17-м ирипсэльэфырт, иджыри 11-кIэ кхеджэфырт. Нэмыцэ Кребс Эмиль (1867-1930) бзэ 60 ищIэрт, псалъэм папщIэ, ермэлыбзэр тхьэмахуи 9-м кхриубыдэу зригъэщIат. Абыхэм яхьубжэ хъунущ бзэ 24-рэ зыщIэу щыта нэмыцэ щIэныгъэлI Энгельс Фридрихи.

Апхуэдэ цIыху щэджащэхэм «гиперполиглот» яфIищащ Хадсон Дик. Абыхэм профессорым яхебжэ бзих е нэхъыбэ зыщIэхэр. Сыт щхьэкIэ яхпIэмэ, ТIыс хъурейм и язныкъуэ планэзэхэм щыпсэуэм бзитху щэрыуэу зыщIэхэр яхэтщ. Псалъэм папщIэ, Швейцариием кхъралыбзипII щыIэщ, аэрри ящIэ, етхуанэу инджылызыбзэрри нэхъыбэм зэрагъащIэ.

Лингвистхэм, психологхэм, нейробиологхэм зэхагъэкI апхуэдэ цIыхухэм я щхьэкуцIым и зэхэлъыкIэр нэгъуэщIу арарэ я егугъыныгъэкIэ зэрагъэщIрарэ. Псалъэм папщIэ, Шпиман Генрих дунейпсо коммерсанту зэрыщытым кхыхэкIыу бзэ 15 зригъэщIэн хуей хъуащ, кхимыгъэсбэпу хъуртэкъыми. ЗэрыжаIэжымкIэ, кардинал Меццофанти Италием зэрыщыпсалъэ бзэ нэхъ цIыкIухэм ящыщ зыгуэр зы жэщым зригъэщIат, пщэдджыжьым щхьэпылъэ ящIыну зы щIалэ-щIэпхъэджащIэм и иужьрей псалъэхэм щIэдэIужьын хуейти.

Бзэ куэд зыщIэ цIыхухэм ятеухуауэ мыазрэныныгъэ кхъзыIуатэхэр сыт щыгъуи щыIэщ. Апхуэдэу язныкъуэхэм шэч кхьтрахъэ Меццофанти бзэ 72-рэ ищIэу зэрыщытам. А кхъмыр зэбгъэщIэн папщIэ зэман дапщэ текIуэдэну? Бзэ кхэс псалъэ мин 20 зэрыхэтыр кхэплъытэмэ, цIыхум зы дакъикъэм кхуиубыдэу зы псалъэ зэрыхуэзгъащIэм тепщIыхьмэ, бзэ 72-рэ зэбгъэщIэн папщIэ илъэситхурэ ныкIуэкIэ махуэ кхъэ сыхьэт 12-кIэ убгъэдэсын хуейщ. Апхуэдизыр зэбгъэщIа нэужьи, пщымыгъупщэжу урипсэльэфын щхьэкIэ, зэман дапщэ тебгъэкIуэдэн хуей?!

Лингвистхэм кхъзэралъытэмкIэ, абы пхузэфIэмыкIын хэлъхъым. Псалъэм кхьдэкIуэу жыпIэмэ, Массачусетскэ технологие институтым (США) щылажьэ Флинн Сюзаннэ кхьзэрильытамкIэ, цIыхум и акъылыр бзэ дапщи хуэзгъэщIэн хуэдэу ухуащ, зэман хуримкIымэ. Гарвард университетым (США) щыщ Пинкер Стивен бзэ куэд зэбгъэщIэным ямылей хэлъу кхьащIыхьыркъым, ауэ зи ухуэкIэкIэ зэщхь бзэхэр пфIызэхэзэрыхьынкIэ хъунущ.

Китайм щыIэ Германие посольствэм зэдзэкIакIуэу щылэжьа, нэмыцэ гиперполиглот Кребс и щхьэкуцIым щхьэхуэныгъэ гуэрхэр иIэу кхъахутащ. Ауэ ар иIэу кхалъхуарэ бзэ 60-м щIигъу зригъэщIа нэужь, апхуэдэу хъуарэ зыми ищIэркъым.

ДОХЪШОКЪУЭ Синэ.

● Хъыбархэр

Тхылъ щхьэпэ

Америкэм кхъыщыдэкI журналхэм ящыщу зыр ткачуэхэмрэ артистхэмрэ яхэупщIыхьащ цIыху щымыпсэу хьатIыгъум кIуэуэ щытамэ кхъыздащтэну тхылъыр зыхуэдэмкIэ. Жэуапхэр зыкIи зэщхьтэкъым: Шекспир Вильям и IэдакъэщхьэкIэр зэрыт, Свифт Джонатан и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса...

А упщIэмкIэ тхакIуэ Честертон Гилберт зыщыхуагъэзам жиIащ:

- Апхуэдэ щытыкIэ укъыщихутам и щхьэпщхьэпэнур кхъухь зэращIыр зэрыт тхылъщ.

И лъэIур хуащIащ

«Алиса в стране чудес» таурыхъ щIэрыIуэр зэхэзылъхьар Оксфорд университетым и математикэмкIэ щезыIэджа Кэррол Льюисщ. Ар и лэжьыгъэм кхъыщыдэхуэм деж итхауэ щытащ щIэныгъэлIым.

Инджылызым и пащтых гуащэ Викториеи а таурыхъым кхьдэжа нэужь, хьбжьу игу ирихьащ, икIи Кэррол и Iэдакъэ кхъыщIэкIа адрей тхылъэхэр икIэщIыпIэкIэ кхъыхахьыну унафэ ищIащ.

Пащтыхь гуащэм и лъэIур псынщIэ дыдэу хуагъэзэщIащ. Ауэ абы хуабжьу ягъэщIэгъуэщ Кэррол и адрей тхылъ псори математикэм теухуауэ кхъызэрыщIэкIар.

Гугъу хэлъхъым

Профессор Швейцер Альберт щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ доктор диссертацэу 3 пхигъэкIат. Абы и цIыхугъэ, щIэныгъэ гуэрым техьагъащIэ щIалэ гуэр еупщIащ:

- Доктор лэжьыгъэу 3 пхыбгъэкIынырэ дауэ пхузэфIэкIа?

- А псори Iуэху кхъыззрегуэкIщ, - жиIащ Швейцер щIэныгъэ гуэрым. - Сыт щыгъуи щIыIэ, щIэныгъэ гуэрым техьагъащIэ щIалэ гуэр еупщIащ:

- Доктор лэжьыгъэу 3 пхыбгъэкIынырэ дауэ пхузэфIэкIа?

- Сэ сыпсэ Iуэху кхъыззрегуэкIщ, - жиIащ Швейцер щIэфIимыгъэIуэхуу. - ЩIэныгъэхэм я доктор ещанэу кхъыщIыисфIащар тIу сиIэти араш, етIуанэр щIыпхъэгъэкIыфар щIэныгъэхэм я доктор цIэр зесхьэти араш, ятIэр кхъыщIэзлъэжьар щIэныгъэ степень сиIэтэкъыми араш.

● ЖыIэгъуэхэр

ЛIыфI зыдэс жылэ цIэрыIуэщ

уагъэр зылъытэфым езым и щыуагъэм хеГъэщI.

♦Лъэщыр езым и мыхъумыщIагъэм пэлъэщырщ.

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

♦Насыпыр цIыхум куэдрэ къеуалIэркъым, кхъпхуэкIуам быдэу хъумэн хуейщ.

♦Быныр нэхъыбэу зыгъасэр уи псалъэркъым, блэжь Iуэхухэращ.

♦ЦIыхубэм пашэу укъалъытэн щхьэкIэ, уи зэфIэкIыр кхъащIэн хуейщ.

♦ЛIыфI зыдэс жылэ цIэрыIуэщ.

♦НэгъуэщIым и щы-

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Анэкъитлъух. **3.** ЛъэныкъуэкIэ ебауэ гъэува блын е нэгъуэщI гуэр. **5.** Зи лъабжьэр бжьыныщхьэм ещхь кхъкIыгъэ: хужьуи щхъуэуи гъатхэм пасэ дыдэу мэгъагъэ. Язныкъуэ лIэужьыгъуэхэр яшх. **7.** Адыгэ композитор цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащ. **8.** ЩIыхьэхуэм кхрагъэлэгъахэр мэлажьэ щхьэх, езэш, ... ямыщIэу. **9.** ДжэдыкIэ ... **14.** Тэрч щIыналъэм хиубыдэ къуажэ. **15.** Адыгэ лъэпкъ кIуэдыжа. **17.** ЩыпсалъэкIэ зэIыно. **18.** Язныныкъуэ псэущхьэхэм я щIыфэм хищIэ хьэпIащIэ кхъзэлъэтыхь. **19.** ... мыкъу уврэ, ... кхуа зигъэщхъэрэ? **21.** Адыгейм щыщ генерал-лейтенант ... Айтэч мы гъэм илъэс 70 ирокъу. **23.** Ди гъунэгъуи и благъэхэр хьэхэрэ ... кхъуеблэгъащ. **25.** Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэу. **26.** ФIамыщI ... е пхъэ ... **27.** Бжэгъу кIыхь, кхурагъ гъум. **32.** КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **34.** ... из хъужьркхъым. **35.** Былымыл, мэлыл гъэва яшхамэ, ... трафыкьыж хабзэщ. **36.** Нэпсейм щIэ зытрилытIэ ахъшэ жьгъей. **37.** КъэкIыгъэхэм лъапсэрыхьыр кхъуэзэгъгъакIуэ хъэпIащIэ кхъзылъэтыхь. **38.** УэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэ, адыгэр зэуIуу щыпсэу республикищми я цIыхубэ артист.

Къехыу: **1.** Гъэмахуэкум шакъафэ гъэгъа цIыкIуэхэр кхъызыпидзэ, мэ дахэ кхъызыкIэрих удз. Ягъэгъури шейуэ ираф. **2.** Адыгэш. **3.** Язныныкъуэ къэкIыгъэхэм я кхыгъэ. **4.** Уэна зытемылъ шы. **6.** Пщынэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм тет Iэпэ. **10.** Ди щIыпIэм щыIэ псыежэх. **11.** ЩIым гъуэ куу щызыщI, хъэпIащIэхэр, хьэмбылухэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ цIыкIу. **12.** ШколакIуэхэм бзу ... зэкIэрагIуIащ. **13.** КIахэр тенджыз фIыцIэм зэреджэр. **16.** Унагъуэ хадзэм ирагъэувэ кхъалэбзугъащIэ. **17.** Хадзэхэ. **20.** Фэ гъэтэджа. Е ... бгырыпх. **22.** ХэкIуэтауэ ящI нэмэз. **23.** Хьэхуэ ... - жиIэми, маршынэ щIэрыпс ди гъунэгъум кхищхъащ. **24.** Зиусхьэн лъэпкъ. **25.** ЗыIг кхытехьукIа зэшхэм зэреджэ. **28.** Псым ихьыр ... йопхъуэ. **29.** Пщэ гъум. **30.** Делэм кхъуэпэн и ... **31.** IэлъэщIым е стIолтепхъуэм я нэзым кхыIублэбл. **33.** Джэду лъэпкъым щыщ хьэкIэххъуэкIэ ябгэ цIыкIу.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7.** Псыкуэд. **8.** «Эмирым». **10.** Фэбжь. **11.** Мащэ. **12.** Махъшэ. **13.** Къэлэр. **15.** Гъурц. **16.** Сыбэч. **21.** Уасэ. **22.** УимыкI. **23.** Ерыщ. **24.** Тхьэгъэшэ. **25.** Гъудэ. **27.** Щабий. **30.** Набдзэ. **31.** Гупыж. **34.** Мыкъур. **36.** КIэнцIыигъу. **37.** УГъурсыз.

Къехыу: **1.** ГупкIэ. **2.** Дыгъужь. **3.** ХьэлIамэ. **4.** Емынэжь. **5.** Гурым. **6.** Амыщ. **9.** Цыхъар. **13.** Къэуат. **14.** ЛаскIэ. **17.** Бырыб. **18.** Чэщей. **19.** Ауэ. **20.** ШкIэ. **26.** Дубай. **28.** Къунажьи. **29.** Щэджагъуэ. **32.** ПакIэ. **33.** Жинт. **34.** Мысэ. **35.** Хьурэз.

Акъыл телъыджэ

● Гурыхуагъэ

Кхъэжэрхэм я пщу щыта Кир и дзэм хэт сэлэт псоми я цIэр ищIэрт.

* * *

Франджым щыщ Гаон Элия апхуэдизкIэ гурыхуэти, зэ фIэкIа кхемыджауэ тхылъыр гукIэ зэрригъащIэрт. Абы том 2500-рэ и гум ириубыдэфат, икIи куэдрэ мыгупсысэу, узыхуей дыдэ тхылъым и сыт хуэдэ Iыхьэми гукIэ кхыпхуедэжьынут.

* * *

Алыдж кхэрал лэжьакIуэшхуэ Фемистокл Афинхэм щыпсэу цIыху мин 20-м я цIэр зэхигъэгъуащэртэкъым.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщ1эпыдж1э Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щ1ехьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5



ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-18-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; хаб